ТIатI и лIыгъэр

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

«Зэныбжьэгъугъэм» пащэ

4-нэ нап.

Щыху гъащIэр зауэм щехъумэ Ансыкъуэ Ренат

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№50 (24.800) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ



Егъэджэныгъэм хуащI гулъытэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ егъэджэным пыщIа зи чэзу къалэнхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэм. Видеоконференц Iэмалым тету ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий.

КЪЫХАЛЪХЬА Iуэхухэм тепсэлъыхьахэм ящыщщ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр **Кравцов Сергей**, къэралым лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрым и къуэдзэ **Платыгин Дмитрий**, Къэрал Думэм и депутатхэр, Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэхуэсым къыщыхагъэщащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ щIыналъэм ныбжьыщIэ мини 143-м ятещIыхьа еджапIэщIэ 251-рэ, цIыкIу мин 35-рэ зыщIэхуэну сабий сад 276-рэ зэрыщаухуар. Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм адэкIэ пащэнущ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыщIэм тету. Зэпкърахащ IэнатIэм егъэджакIуэ нэхъ щIалэхэр къыхэшэным, яхь къалэнхэр гъэмэщIэнымрэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэнымрэ пыщIауэ къапэщыт къалэнхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ищIащ республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм и Iуэху зыIутым. 2018 гъэ лъандэрэ республикэм щаухуащ еджакIуэ мин 15 зыщIэхуэ школ 25-рэ, мы гъэм ятыну ягъэхьэзырхэри абы хэту. Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэми пащэ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэтIысхьэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Мы зэманым колледжхэм щIэсщ цIыху мин 20. Апхуэдэ еджапIэхэм IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ лъэщапIэу 48-рэ къыщызэрагъэпэщащ. «Профессионалитет» къэрал проектым ипкъ иткIэ гуманитар-техникэ колледжым къыщызэрагъэпэщащ къэрал хабзэ зегъэкIуэкIэм щыхурагъаджэ кластер, агропромышленнэ колледжым – мэкъумэш IэнатIэм епхауэ. Я мурадщ гъуэгу-транспорт, ухуэныгъэ, туризм, промышленность псынщIэ унэтIыныгъэхэм тещIыхьа зэгухьэныгъэхэри яубзыхуну.

НыбжьыщIэхэр зэреджэн тхылъхэр ирикъуу яIэным хуэунэтIа лэжьыгъэми пащэ. Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэным ипэ къихуэу школхэм яIэрыхьэнущ сабийхэр зэреджэн тхылъ мин 780-рэ. Апхуэдэуи къащэхуащ анэдэлъхубзэхэр зэрырагъэдж тхылъ мин 235-рэ.

И псэр щIитащ щIэпхъаджащIэхэм япэщIэтыным

КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу щыIэм СОБР-м щыщ «Iуащхьэмахуэ» гупым и унафэщIу щыта Щоджэн Къадир Абдулыхь и къуэм и фэеплъу республикэм мы гъэм япэу дзюдомкIэ зэхьэзэхуэ къыщызэрагъэпэщащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абы хэтхэм егъэблагъэ псалъэкIэ захуигъэзащ.

«ОФИЦЕР Щоджэн Къадир илъэс 18 фIэкIа хъуртэкъым СОБР-м хыхьэ гупым и унафэщIу щагъэувам. ЩIэпхъаджащIэхэм ебэныным тригъэкIуэдащ абы и гъащIэр, езыр дзэм хыхьагъащIэхэм я дежкIэ щапхъэ, ныбжьэгъуфI хъууэ, - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. – ЩIалэр 2021 гъэм дунейм ехыжащ. Мызэ-мытIэу ар къэрал саугъэткIэ къыхагъэщащ: Урысейм и Президентым и фIыщIэр, ЛIыгъэм и орденыр, «Хэкум и щIыхь» медалым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «И хахуагъым папщIэ» медалыр, УФ-м и МВД-м и щIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщауэ щытащ».

Щоджэн Къадир и фэеплъу зэхаубла зэхьэзэхуэр щекIуэкIащ Налшык дэт «Гладиатор» спорткомплексым. Апхуэдэхэр илъэс къэс зэхашэну я мурадщ. Зэпеуэр къызэригъэпэщащ Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ, олимпиадэм хэтыфыну ныбжьыщIэхэр зыгъэхьэзыр спортшколымрэ республикэм ДзюдомкIэ и федерацэмрэ, Iыхьлыхэри благъэхэри къадэIэпыкъуу.

Иджырей зэхьэзэхуэм республикэ псом къикIауэ цIыху 230-рэ хэтщ. Илъэс 10 - 11 хъу ныбжьыщIэхэр щобанэ утыкум. КIуэкIуэ Казбек абыхэм ехъуэхъуащ лIыхъужьхэм ядэплъейуэ, ехъулIэныгъэхэр яIэу, ди къэралри республикэри фIыуэ ялъагъуу псэуну.

• ЛIыгъэм и дамыгъэхэр

ЩIыхьым и орденыр

Совет къэралым и зауэ дамыгъэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт зихуэдэ щымыIэ хахуагъэ зэуапIэм щызыгъэлъэгъуахэм. Апхуэдэу дамыгъэр хуагъэфащэрт Дзэ Плъыжьым хэт дзакIуэлIхэм, сержантхэм, старшинахэм, кхъухьлъатэдзэм хэт лейтенант нэхъыщIэхэм. Орденыр дзэпакIэхэмрэ дзэ зэгухьэныгъэхэмрэ ирату щытакъым. Дамыгъэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Орденым I, II, III нагъыщэхэр иIащ. ЯпэщIыкIэ дамыгъэм Багратион Пётр и цIэр фIащыну траухуат. АрщхьэкIэ къыхэкIа пэхуэщIэхэм хэплъа Сталин Иосиф дамыгъэм ЩIыхьым и орденкIэ еджэныр, Кутузовымрэ Суворовымрэ я орденхэм яхуэдэу, нагъыщищ иIэныр зэрыфIэигъуэр щыжиIэм, абы траубыдащ. Дамыгъэм и теплъэр зыщIар сурэтыщI Москалёв Николайщ.

ЩIыхьым и орденыр бзиитху къызыхэкI вагъуэ теплъэ зиIэ дамыгъэщ. Орденым и I нагъыщэр дыщэм, II, III нагъыщэхэр дыжьыным къыхэщIыкIащ. Зи бзийхэр мащIэу къиша вагъуэм и IуплъапIэм ит хъурейм медальон ищIыхьащ. Абы и лъэгур зэфэзэщу джафэщ, ауэ II нагъыщэ зиIэ орденым и медальоным и лъэгур дыщэпскIэ къилыкIащ. Медальоным ику дыдэм хуэзэу Кремлымрэ Спас чэщанэмрэ я теплъэхэр тещIыхьащ. Сурэтхэм я лъабжьэм лапхъэ плъыжькIэ тещIыхьа щэкI бгъузэ кIыхьым «ЩIЫХЬ» псалъэр плъыфэ хужькIэ къыхэгъэкIащ. Медальон кIуэцIым ибгъухэр лэб зэхэухуэнахэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Вагъуэ бзийхэм я нэзхэр къэухь псыгъуэкIэ къэщIыхьащ.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, ику дыдэм хуэзэ хъурейм «СССР» псалъэр хьэрфышхуэ защIэкIэ къыхэIущIыкIащ. Хъурейр уэрдыхъу тIуащIэщ – ищIыIумкIэ щыIэр нэхъ Iувщ, икIуэцIымкIэ щыIэр псыгъуэ пIащIэщ.

Вагъуэм зэпэщIэту хэт папцIапIэхэм я зэхуакум миллиметр 46-рэ дэлъщ. Медальоным и диаметрыр миллиметр 23,5-рэ мэхъу. Дамыгъэм и хьэлъагъыр грамм 22,260-рэ мэхъу. I нагъыщэ зиIэ орденым дыщэу грамм 28,619-рэ, II нагъыщэ зиIэм дыжьыну хэлъыр грамм 20,302-рэ, III нагъыщэ зиIэм дыжьыну грамм 20,549-рэ хэлъщ.

Дамыгъэм ищхьэкIэ щыIэ къуапэм тхьэгъу пыщIыхьащ, ар къуапитху хъу къуардэм хъурджанэ псыгъуэ цIыкIукIэ епхащ. Къуардэм зи бгъуагъыр миллиметр 24-рэ хъу данэ щэкI Iув къешэкIащ. Абы плъыфитI куситху зэблэкIыу хэлъщ: тIур фIыцIэщ, щыр морэщ. ЩэкIым и бгъуитIым зы миллиметр зи бгъуагъ кусэ моритI ирокIуэ. Дамыгъэм мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэ иIэщ.

ЩIыхьым и орденыр зауэлI фащэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфащам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденым (орден «Знак Почёта») яужькIэ бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу халъхьэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ЩIыхьым и орденым и III нагъыщэр цIыху мелуаным нэблагъэм, 11 нагъыщэр цIыху мин 46-м щIигъум, I нагъыщэр цIыху 2678-м хуагъэфэщащ. ЩIыхьым и дамыгъэм и нагъыщищри цIыху 2671-м иратащ. Апхуэдэхэр Совет Союзым и ЛIыхъужьым хуагъадэ. Адыгэхэм ящыщу ЩIыхьым и дамыгъэм и нагъыщищыр Мусэ Менлырэ ЩхьэкIумыдэ Мэсхьудрэ хуагъэфэщащ.

ТАБЫЩ Мурат.

Iэпхъуэшапхъуэхэр зэран къытхуэхъуркъым

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм, «Комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и лэжьыгъэм щедэIуащ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, Егоровэ Татьянэ жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхур зэрыщекIуэкIым тепсэлъыхьыну зэрамурадыр. «Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхур нэгъэсауэ къызэгъэпэщамэ, щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм тегъэпса къалэнхэри, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнри, унагъуэхэр зэрыгъэгъуэтыжынри зэфIэха мэхъу», - къыхигъэщащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** жиIащ 2016 гъэм щегъэжьауэ, КъБР-м и Правительствэм и жэрдэмкIэ, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм къызэрищтэр щIыналъэм лэжьыгъэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэрыщызэрагъэпэщ коэффициентыр зыубзыху законыр. Абы щыгъэбелджылащ Урысей Федерацэм визэ хэмыту къакIуэхэм мыбдеж къыщалэжьым техьэ налогыр. Хамэ къэрал къикIыу ди республикэм щылажьэхэм я бжыгъэм хэмыхъуэн хуэдэу, 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ апхуэдэ коэффициентыр 3.0 ящIащ. Абы республикэ бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ ещI, хамэ къэрал къикI лэжьакIуэхэм я бжыгъэр зэпIэзэрыту еIыгъ.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **Зэгъэщтокъуэ Мурат**. Абы зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм хамэ къэрал щыщхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым халъхьащ ахъшэу сом мелуан 319-м щIигъу. Республикэм гулъытэ хэха щыхуащI щIыналъэм къызэрыкIуар езымыгъэтхым щIэпхъаджагъэ зэрилэжьыр къыщIэгъэщыным.

- Хабзэр къызэпауду щIыналъэм къихьэхэр къыщIэгъэщынымрэ ахэр судым и унафэкIэ зэрырагъэкIыжым кIэлъыплъынымрэ ди нэIэ тетщ. Нэгъабэ КъБР-м и МВД-м и IэнатIэхэм Iэпхъуэшапхъуэм ехьэлIа щIэпхъаджагъи 112-рэ зэхагъэкIащ, УФ-м и хабзэр къызэрызэпаудам теухуа дэфтэр 3679-рэ ятхащ. Къуэдыуэ тралъхьам и процент 95-р ирагъэпшынащ, - жиIащ Зэгъэщтокъуэм. Абы къыхигъэщащ Урысей Федерацэм къихьэну хуит зымыщI тхылъу ятхыр проценти 178-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

КъБР-м и МВД-м къызэригъэлъагъуэмкIэ, республикэм и суд IуэхущIапIэхэм хамэ къэрал щыщу щIыналъэм игъэкIыжын хуейхэм яхуэгъэзауэ унафэ 500-м щIигъу ятхащ.

Урысейм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и гъусэу, зэпымыууэ къыщIагъэщ хабзэр къызэпауду нэгъуэщI къэрал къикIахэм Урысейм щыпсэухэм я гъусэу нэчыхь нэпцI зэрырагъэтхыр. Апхуэдэ Iуэхуу 12 къыщIагъэщащ 2024 гъэм.

2025 гъэм и мазаем щегъэжьауэ къару ягъуэтащ «Уф-м хамэ къэрал къикIхэм я хуитыныгъэхэм теухуауэ» Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. Апхуэдэуи лэжьэн щIидзащ ди къэралым хабзэм щебэкъуахэр зратхэ реестрым.

Зэгъэщтокъуэ Мурат жиIащ зи гугъу ящI Iуэхухэм ехьэлIауэ республикэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр икIи КИФЩI-м хиубыдэ республикэхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым етIуанэ увыпIэр зэрыщиIыгъыр.

Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ къэIэпхъуэ цIыхухэм лэжьыгъэ къалъыхъуэу езыхэр къакIуэрэ IуэхущIапIэхэм къырагъэблагъэрэ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, зыгъэлэжьэнухэращ нэхъыбэу къезыгъэблагъэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым жиIащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ абы и зэIузэпэщ псэукIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн иджыблагъэ щыIущIам къызэрыхагъэщар къэIэпхъуэхэм вакцинэ Iэмал имыIэу хуащIын зэрыхуейр, ахэр мыбдеж зэрыщыIэ щIыкIэри зэрыгъэбелджылыпхъэр. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым комитетым пщэрылъ щищIащ а Iуэхум щхьэхуэу хэплъэну.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** щIэупщIащ нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIхэр нэхъыбэу щылажьэ IэнатIэм, ахэр республикэм и цIыхухэм зэран хуэхъурэ хуэмыхъурэ. Зэгъэщтокъуэм жиIащ нэхъыбэр ухуэныгъэм епхауэ лэжьэну, нэхъ мащIэр мэкъумэш щIэгъуэм ирихьэлIэу къызэрыкIуэр, икIи ар зыкIи зэран зэрымыхъур.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** щIэупщIащ урысыбзэр зэрызрагъэщIамкIэ щыхьэт техъуэ тхылъымпIэр зэрырат щIыкIэм. Къэпсэлъам жиIащ урысыбзэмкIэ тестыр КъБКъУ-мрэ КъБР-м и МВД-м и паспорт-визэ сервисым и къудамэмрэ зэрыщатыр.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ хамэ къэрал къикIхэм я налогыр зэрыхуагъэув щIыкIэм, апхуэдэхэм я сабийхэр республикэм зэрыщрагъаджэм, нэгъуэщIхэми теухуа Iуэхухэр.

Нэгъабэрейм йофIэкI

2025 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм зэхэту былымылрэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) къалэжьащ тонн мини 10,8-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процента 107,3-кIэ хуэкIуэу.

АПХУЭДЭУ щыхъукIи, абы щыщу тонн мини 8,7-р джэдкъазылщ е псори зэхэту лыуэ къалъэщам и процент 80,5-рэ. Былымылыр (псэууэ шэчауэ) тонн мин 1,6-рэ хъуащ, мэлылымрэ бжэнылымрэ – тонн мин 0,5-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.



Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къыргъызымрэ я зэпыщIэныгъэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэр IущIащ Айтматов Чингиз и цIэр зезыхьэ «Диалог без границ» дунейпсо псапащIэ фондым и президент Айтматов Эльдар.

КЪЫРГЪЫЗ ССР-м и цIыхубэ усакIуэм и къуэр Урысейм къэкIуащ и щхьэгъусэ Сабирэ и гъусэу. Ахэр хэтащ Мэхъэчкъалэ Айтматов Чингиз и фэеплъ бюст къызэрыщызэIуаха Iуэхум. ХьэщIэхэр ди республикэм кърагъэблэгъащ «Кулиевхэ я лIакъуэр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ фондым и лэжьакIуэхэм. А IуэхущIапIэм и унафэщI Кулиев Малик, КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и щхьэгъусэ Элизат, абы и къуэ Ахъмат сыми республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм щекIуэкIа зэхуэсым хэтащ.

Къызэхуэсахэм фIэхъускIэ защыхуигъазэм, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим къыхигъэщащ Айтматов Чингиз я ныбжьэгъушхуэу зэрыщытар тхакIуэ, усакIуэ пажэхэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ, икIи абыхэм я щапхъэ дахэм, я зэпыщIэныгъэмрэ Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэмрэ щIэблэ зыбжанэ къызэрыщIэтэджыкIар.

- КъБР-м и Парламентым и дамыгъэ нэхъыщхьэр и ЩIыхь тхылъырщ. Ар нэхъ ипэкIэ Айтматов Эльдар хуагъэфэщауэ щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къыргъызымрэ я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэфIакIуэм къыхэкIыу. Ноби ар къытхуеблэгъащ, ди зэдэлэжьэкIэм адэкIи зегъэужьыныр и плъапIэу. Абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ Жанатаевым.

Айтматов Эльдар жиIащ и адэм и ныбжьэгъуфIу, и гъэсакIуэу щыта Кулиев Къайсын и лъахэм къызэрыкIуам зэригъэгушхуэр. «Ди адэм итхахэр япэу зыхуихьу, зригъэлъагъуу щытар Кулиев Къайсынщ. Абы къыжриIэнум мыхьэнэшхуэ иритырт. Илъэсищ дэкIмэ, дгъэлъэпIэнущ Айтматов Чингиз къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъунур. Абы зыхуэгъэхьэзырын щIэддзащ. Дыхуейщ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэр щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ абы теухуа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр щедгъэкIуэкIыну. УсакIуитIым я зэныбжьэгъугъэмрэ я лэжьыгъэхэмрэ ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэ ин къызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Апхуэдэуи Къыргъыз театрым игъэува лэжьыгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэтшэну дыхуейт», - жиIащ хьэщIэм.

Айтматовым къыхигъэщащ Налшык къалэм и дахагъэмрэ къабзагъэмрэ зэритхьэкъуар, республикэ унафэщIхэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ я лэжьыгъэр абы къызэригъэлъагъуэр. Айтматовым жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къыргъызымрэ тхыдэми гъунэгъу зэрызэхуищIар: «Балъкъэрхэр Хэкум щрагъэкIам къыргъызхэм зэрахузэфIэкIкIэ зыкъыщIагъэкъуащ. СНГ-м хыхьэ къэралхэм щыпсэухэр щэнхабзэкIи, псэкIи зэгъунэгъуу зэрыщытыным нобэми хущIокъу. Ахэр зэпыщIа хъуащ урысыбзэм, щэнхабзэм, Совет Союзым я фIыгъэкIэ. А лъэхъэнэрат усакIуэшхуэхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэ пажэхэр къыщыунэхуари», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Емуз Нинэ, Джатэ Руслан, Текуев Амырбий, Къумал Заурбэч, Кебеков Владимир, ТекIушэ Артур, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Аминат сыми совет зэманым и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ, Къыргъызым и тхыдэм ятеухуауэ жаIам къыхагъэщащ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм я цIэхэр уахътыншэ щIыным елэжьыну зэрыхьэзырыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэмрэ зэрыщыIар игу къинэжын хуэдэу, Жанатаев Сэлим Айтматовым иритащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыбгъэдэкI тыгъэхэр. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ сурэт зэгъусэу зытрагъэхащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Ди газетым и щIэджыкIакIуэфIхэм ящыщщ Аруан щIыналъэм и жылэ нэхъыщхьэ Нарткъалэ щыпсэу ШЫБЗЫХЪУЭ Светланэ. Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр редакцэм куэдрэ къытхуоблагъэ, гъащIэм, къызыхэкIа унагъуэшхуэм, зыпэрыт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм, нэгъуэщI Iуэхухэми ехьэлIа и гупсысэхэмкIэ къыддэгуашэу. Иужьрейуэ Светланэ къытхутепсэлъыхьащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм яригъэджу, школ унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа, зыпэрыт IэнатIэмрэ жылагъуэмрэ пщIэ лъагэ щызиIа и адэ Быф Мухьэмэд Тыгъуэнбий и къуэм (1930 – 1996).

Гъуэгур тхуэзыгъэнэху гъуазэт

• Дэ къытхуатх

«АЛЫХЬЫМ иужькIэ цIыхум фIы нэхъыбэ къыхуэзыщIауэ щыIэр адэ-анэращ. Аращ быным ар фIыуэ щIилъагъур, игури и псэри кIэрыпщIауэ къыщIекIуэкIыр. Нэхъ къарууншэ дыдэу дыщыщытам къытщхьэщытащ, уеблэмэ къытщхьэщысащ ди анэр, къыттегужьеикIауэ. Ди адэри аращ. Дэр щхьэкIэ куэдым зыхуигъэныкъуащ, куэди ишэчащ. Дэри дызэрыгушхуэу диIар ди адэращ.

Псалъэжь куэд щыIэщ адэм теухуауэ: «Адэ уиIэ щIыкIэ уи лъэпкъыр зэгъэцIыху», «Адэжь и лъагъуэрэ адэжь и благъэрэ умыбгынэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри щыхьэт тохъуэ адэм унагъуэм щиIэ къалэныр зэрыкъалэнышхуэм.

Ди адэ Быф Мухьэмэд 1930 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м Ашэбей (иджы Малкэ) къуажэм къыщалъхуащ. Тыншакъым абы и сабиигъуэр. И ныбжьыр илъэсих хъууэ арат и адэр щагъэтIысам, кулак къыфIащу. Зи закъуэу къэна и анэ ФатIимэт гъэмахуи щIымахуи лэжьащ, къыхуэна щIалэ цIыкIуитIыр зыхуей хуэзэн щхьэкIэ. А зэманым апхуэдэ гугъуехьрэ бэлыхьрэ зытелъа нэгъуэщI унагъуэхэри щыIащ. А гугъуехьым къыхэкIыну хунэсатэкъым унагъуэхэр аргуэру Хэку зауэшхуэм и мыгъуагъэри, и хьэзабри къащытепсыхам щыгъуэ. Ауэ къикIащ а зэман хьэлъэми адэ зыщхьэщымытыж унагъуэр, гугъу ехьурэ. Анэмрэ къуэхэмрэ куэдрэ пэплъащ адэм, къигъэзэжын я гугъэу, арщхьэкIэ зы хъыбари яIакъым ар здэщыIэм теухуауэ.

Ди къэралыр хуит хъужа нэужь, ди адэм къуажэм дэт курыт еджапIэр къиухри, 1950 гъэм Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым и тхыдэ факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щIэтIысхьащ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу 1954 гъэм къиухащ икIи Лашынкъей къуажэм ягъэкIуащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым щригъэджыну. Абы илъэсиплIкIэ щылэжьащ ди адэр, IэнатIэми хъарзынэу Iузэгъат. АтIэми къыщалъхуа къуажэм игъэзэжыну хуейти, мызэмытIэу апхуэдэ лъэIукIэ захуигъэзат ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм и IэщIагъэлIхэм. Ауэ КПСС-м ущыхэткIэ, абы къыпхуищIыр унафэти, и хъуэпсапIэм лъэмыIэсурэ къекIуэкIащ. Лашынкъей щылэжьа нэужь, ар япэщIыкIэ Псынэдахэ къуажэм ягъэкIуащ, егъэджакIуэным школ унафэщIым и къуэдзэ къалэнри щIыгъуу лэжьэну. ИужькIэ Бэтэх къуажэм дэт курыт школым и унафэщIу ягъэуващ. 1976 гъэ пщIондэ щылэжьащ абы ди адэр. ЕджапIэм ирагъэкIыу къуажэ советым и тхьэмадэу щагъэувам, куэд къыхуэкIуэрт чэнджэщакIуэ, я щхьэрэ я Iуэхурэ кърахьэлIэу. Ди адэр школым къызэрыIукIыр абы щыгъуэ зэхэзыха адэ-анэхэм ящыщ куэд лъэIуакIуэ къакIуэрт ди деж, «Ди бынхэм школыр къаухыху ущыIамэ, арат...» жаIэу.

Ар здагъэкIуа IэнатIэщIэри иригъэфIэкIуат зэман кIэщIым кърихубыдэу. Къуажэ советыр жыджэру хэтт а лъэхъэнэм ирагъэкIуэкIыу щыта социалист зэхьэзэхуэм, абы щытекIуэурэ Бэракъ Плъыжь зэIэпахри мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Зэман дэкIауэ, Малкэ къуажэм къигъэзэжри, абы и курыт еджапIэ №3-м и унафэщIу лэжьащ. Абы щыгъуи лъэкI къигъэнакъым.

Лэжьыгъэ IэнатIэ куэдым апхуэдэу гурэ псэкIэ пэрыташ ди адэр, дзыхь къыхуащIа IэнатIэр иригъэфIакIуэу, Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэм и лъыхъуакIуэу, еш имыIэу.

Ди анэмрэ ди адэмрэ 1956 гъэм унагъуэу тIысащ. Ди анэр Къэзахъстаным къикIыжа къудейуэ арат абы щыгъуэ. Зэщхьэгъусэхэм быниплI дызэдапIащ. Алыхьым и шыкуркIэ, дыкъэхъуащ, адэанэм я IэфIыр зыхэтщIэу, я гулъытэ дыщымыщIэу. Быным ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ ди псэм фIэфI IэщIагъэрэ дагъэгъуэтащ абыхэм. Сэ си адэм и лъэужьым срикIуащ - адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школым щызогъэдж. Си дэлъху МуIэед Мэкъумэш институтыр къиухауэ IэнатIэ пэрытщ. Си шыпхъу нэхъыщIэ Жаннэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиухащ, илъэс плIыщI мэхъу дохутыру зэрылажьэрэ. Зэрыбыным ди нэхъыщIэ Альберти КъБКъУ-м щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, ухуэныгъэ Iуэхухэм епхащ и лэжьыгъэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди адэр пасэу тфIэкIуэдащ. ЩыцIыкIуамрэ и щIалэгъуэмрэ ишэча гугъуехьхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ къыщIыхьэжри, узыфэхэм зэщIаубыдауэ щытащ. I996 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м дунейм ехыжащ.

Ди адэ Быф Мухьэмэд къыщалъхуа нобэрей махуэм, мэлыжьыхьым и 24-м, а псори быным ди гум къыдридзеижащ... Дэ тщыщ дэтхэнэми гъащIэр къызэрытхуэупса насып Iыхьэхэм ящыщу къыдолъытэ апхуэдэ адэфI зэрыдиIар. Ар гъащIэм быдэу дыхэзыIыгъэ хъурзэт, Iуэхуфlхэм дыхуэзыущий макъ, гъуэгур дэзыгъэлъагъу нэхугъэт. И ахърэтыр нэхуу Алыхьым къыщIигъэкI. НобэкIэ зи жьауэм дыщIэт ди анэ IэфIыр куэдрэ тхуэпсэуну долъаIуэ, ди адэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэрэ нэмысрэ зэрылъа ди унагъуэшхуэм я фэеплъу».

Зыгъэхьэзырар **КЪАРДЭН Маритэщ**.

ЩIэныгъэлIым и псалъэ

• Фэеплъ

Налшык дэт МафIэ мыужьых фэеплъым мэлыжьыхьым и 22-м удз гъэгъа трилъхьащ ди республикэм и хьэщIэ, Абхъаз РеспубликэмЩIэныгъэхэмкIэ и академием и тхьэмадэ, Абхъазым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Джапуэ Зураб.

НЭГЪУЭЩI къэралхэм я лIыкIуэхэри зыхэт «Страницы немеркнущей славы. К 80-летию Великой Победы» урысейпсо щIэныгъэ конференцым къыщыпсэлъэну ди щIыналъэм къэкIуа щIэныгъэлIым хузэфIэкIакъым 1941 - 1945 гъэхэм лIыгъэ зезыхьахэм я фэеплъым и щхьэр хуимыгъэщхъын.

- Си щыпэкъакIуэкъым Налшык, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус си республикэр дахэми, фи фэеплъхэм хуэдиз диIэкъым. СыщыIэнт сфIэфIу махуэ зыбжанэкIэ, ауэ си зэманыр ебзыхьэкIащ, - жиIащ Зураб. - НыбжьэгъуфI щызиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди IуэхущIафэкIи дызытехуэрэ псалъэншэуи дызэгурыIуэу - ар филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэ ЦIыпIынэ Аслъэнт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пасэу, гуузу кIуэдащ ар.

Налшык щекIуэкIыну щIэныгъэ конференцым и фIэщыгъэр хуабжьу сигу ирохь, сыту жыпIэмэ - Хэку зауэшхуэр дигу имыху гуауэщ, щIыхьщ, илъэс 80 хъу ТекIуэныгъэ Иныр псоми ди зэхуэдэ махуэшхуэщ. Зауэм ныкъуэдыкъуэу къикIыжат си адэри, ар си дежкIэ тхыдэ къудейкъым, атIэ абы ди къэралым къыщихьа текIуэныгъэм си Iыхьи хэлъу къысщохъу. ЩIэныгъэ зэIущIэм сыкъыщыпсэлъэнущ Хэку зауэшхуэр IуэрыIуатэ щэнхабзэм къызэрыхэщым теухуауэ. А Iуэхум ипэIуэкIи селэжьащ сэ, уэрэдхэм, усэхэм, прозэ тхыгъэхэм, IуэрыIуатэм и нэгъуэщI жыпхъэхэми къызэрыщыгъэлъэгъуам теухуа IэдакъэщIэкIхэр сиIэщ. Мис абыхэм зыубгъуауэ сытепсэлъыхьыну зызогъэхьэзыр.

«Страницы немеркнущей славы. К 80-летию Великой Победы» щIэныгъэ конференцым теухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэ гъунэгъухэм тетынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

• ТекIуэныгъэ - 80

ТIатI и лIыгъэр

Хэку зауэшхуэм хахуэу хэтахэм, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу бийм япэщIэувахэм ящыщщ коммунист Бицу ТIатI. Апхуэдэ гъэсэныгъэт щIалэм къыхалъхьар къэзылъхуа адэ-анэм, къыщыхъуа унагъуэм. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и 316-нэ шу полкым хэту ар щызэуащ Дон Iус Ростов и Iэшэлъашэхэм. БжыгъэкIэ нэхъыбэ хъу, я Iэщэ-фащэкIи нэхъ лъэщ бийм щхьэмыгъазэу пэщIэтащ а дивизэр.

БИЦУ ТIатI Андулыхь и къуэм хуэдэу хахуагъэрэ лIыгъэкIэ зи цIэхэр жыжьэIуа цIыхухэр и мащIэкъым Шэрэдж щIыналъэм. ТIатI Аушыджэр адыгэ жылэм 1900 гъэм къыщалъхуащ. Совет властыр щIыпIэм щагъэува нэужь, ТIатI жылэм дэт школым щеджащ. Ар ящыщащ къуажэм щызэхэт комсомол ячейкэм жыджэру хэта щIалэгъуалэм. Аушыджэр щызэхыхьа колхозым папщIэ къэралым трактор къаритыну щыжаIэм, а IэщIагъэм хуегъэджэн хуейуэ къалъытар Бицуращ. Трактористхэр щагъэхьэзыр курсхэр Ленинып и цIэр зэрихьэу Налшык дэта еджапIэ къалэ цIыкIум ехъулIэныгъэкIэ къыщиухри, Бицу ТIатI, Аушыджэрым и япэ тракторист щIалэм, 1926 гъэм жылэм къигъэзэжат «Фордзон» «гъущIышым» тесу. Ар къуажэпсо гуфIэгъуэшхуэт.

... Зауэшхуэм и етIуанэ гъэмахуэр екIуэкIырт. 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыдакIэт Несмеянкэ, Новосёловкэ, Лысый Курган щIыпIэхэр, Крепянкэ къутырыр. Сержант нэхъыжь Бицур зыхэт шу гупым зэгуэрым къалэн къыщащIат жэщу Большая Мартыновкэ нэсу Малая Орловкэ деж бийм щызэхуишэса фочауэ моторотэхэр зэхакъутэу, дивизэм иригъэкIуэкI екгъэрыкIуэныгъэм иужькIэ хыхьэжыну. Бийри набдзэгубдзаплъэти, шухэм пасэу гу къалъитащ икIи шэ «пщтырыр» къатригъэлъалъэу хуежьащ.

Бадзэуэгъуэм и 26 - 28-хэм щIыпIэм щекIуэкIащ зауэ гуащIэхэр. Батлаевскэ станицэри къэзыщта 24-нэ нэмыцэ танк дивизэр адэкIэ кIуэцIрыкIащ икIи Сал псым зэпрыкIри, Большая Мартыновкэ удын хьэлъэ иридзащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэри нэхъ хьэлэчыжт а щIыпIэм щызауэ ди шууейхэм я дежкIэ. Абыхэм зыщагъэбыда Большая Мартыновкэ ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыхуэкIуэрт танк 20-м щIигъу, ипщэ-къухьэпIэмкIэ «къипщырт» нэмыцэ танкыу 10-м щIигъу. Абыхэм я щIыбагъ къыдэт бий зауэлIхэр ерыщу къыхуэкIуэрт километритIкIэ фIэкIа япэмыжыжьэж 316-нэ шу полкым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди сэлэтхэр ирахулIащ псым, кIуапIи жапIи ямыIэжу, арщхьэкIэ хахуагъэрэ лIыгъэкIэ зыми хуэмыдэж а зауэлIхэр къикIуэтакъым икIи я псэр пытыху бийм пэщIэтащ.

Большая Мартыновкэ деж зи гъащIэр щызытахэм яхэтащ сержант нэхъыжь коммунист Бицу ТIатIи. Хэту пIэрэ ар зэгупсысар иужьрей дакъикъэм? Дунейм къытезыгъэхьа и адэ-анэра, хьэмэрэ гу зыщимыхуа и щхьэгъусэ цIыкIура, е и щIалэ закъуэрауэ пIэрэ?

ЗауэлI хахуэм и фэеплъ нэхур яхъумэ абы къыщIэна и унагъуэм. Абы и щхьэгъусэ Гуащэуэс цIыху нэсу къигъэхъуащ я къуэ закъуэ Мухьэмэд. Адэшхуэм теухуа лIыхъужь хъыбархэм фIыуэ щыгъуазэщ Мухьэмэд и бынхэу ФатIимэ, Жаннэ, Iэхьед сымэ.

- Хэку зауэшхуэр ди къэралым и тхыдэм зэи хэмыгъуэщэжын напэкIуэцIу къыхэнащ. Абы зи гъащIэр гущIэгъуншэу къызэпиудахэм ящыщщ дадэ. Абы теухуа хъыбар къыджиIэжу щытащ ди анэшхуэм, иужькIэ ди адэм, - и адэшхуэ лIыхъужьым топсэлъыхь Жаннэ. – МафIаем хэкIуэда адэшхуэм и фэеплъыр дохъумэ абы къыщIэна щIэблэм. ТекIуэныгъэ Иным и махуэр дапщэщи дгъэлъэпIэнущ, си адэшхуэм хуэдэу, а лъэхъэнэ бзаджэм хиубыдахэм, фронтым Iутахэм, къэрал щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм я цIэхэр дигу къэдгъэкIыжу, зэрахьа лIыгъэмрэ я фэеплъ нэхухэмрэ тщымыгъупщэу.

ТекIуэныгъэм и махуэм къызэрагъэпэщ хабзэ фэеплъ пэкIум - Полк уахътыншэм - хэтщ Iэхьед и бынхэу Station Каринэ, Заур, Iэдэм сымэ, я адэшхуэм и адэ Бицу ТIатI и сурэтышхуэр лъагэу Iэтауэ яIыгъыу. Апхуэдэ лIыхъужьхэр, хэкупсэхэр зи щапхъэ щIэблэр Хэкум, лъэпкъым яхуэфащэу къызэрытэджым шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Бицу ТIатI и цIэр тетщ Большая Мартыновкэ дэт фэеплъым.

Адыгэ ныпыр Ислъэмей щохуарзэ!

Лъэпкъ нып диIэху, ди напэри къэбзэнущ,
ДымыщIу адыгэгур гъащIэ къуагъ!
Лъэпкъ нып тIэтыху, ди щIэблэри диIэнущ!
Адыгэр дыщIэтынущ Тхьэм и щIагъ!
Бемырзэ Зураб.

АДЫГЭ ныпыр дызыгъэдахэщ, дызыгъэуардэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуми гупсысэ куу щIилъхьэу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъым и ныпми къытощ Iущагъ. Ныпым и плъыфэм, тет вагъуэхэм, шабзэхэм хыдолъагъуэ лIыгъэ, пэжыгъэ, къабзагъэ. Абы тхыдэм дыхурегъэплъэкI, ди блэкIамрэ дызыхэпсэукI зэманымрэ зэпэтлъытурэ ипэкIэ дегъаплъэ.

Ди ныпыр - хуитыныгъэщ, пщIэ-нэмысщ, зыIыгъыкIэ екIущ, лIыгъэщ, гугъэщ, къабзагъэщ... Куэд къыпыпщэ хъунущ иджыри. ЗрибгъэщIагъуэркъым адыгэ ныпым, атIэ зыхыбощIэ абы къалэн гуэрхэр уи пщэ къызэрыдилъхьэр - уи плIэр еухуэ, уи щхьэр уегъэIэт. Ныпыр пIыгъыныр, и щIагъ ущIэтыныр ди лъэпкъ хабзэми епхащ, дауи. Ар хьэуам щобырыб, жьым зэрехьэ псэм и хуитыныгъэм и дамыгъэ лъэщу. АтIэ уи псэр хуит щыхъур пэжыр уи гъуазэмэщ. Ныпым хуэфащэщ хьэуам щыхуарзэну, махуэшхуэм хуаIэтыну, Iуэху дахэм гъуазэ хуащIыну. Дыхуейщ щIалэгъуалэми абы и мыхьэнэр нэсу зыхащIэну. ЩIым дубгъуркъым, хьэпшып кIуэцIытшыхьыркъым, зридгъэхуабэркъым (гур игъэхуабэми пкъыр игъэхуабэркъым), къеддзэкIыркъым, кIэпхын къыхэтщIыкIыркъым, лъэпэди кIэрыддэркъым, уIэгъи иритпхэркъым. Лъагэу Iэтауэ зыдохьэ!

Лъэпкъыр дыкъэзыхъумэ дамыгъэхэм ящыщ зым - ныпым - и теплъэр щIыуэпсым егъэкIуауэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Алибердыкъуэ къуажэм щыIэщ. Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр зытет Iуащхьэм и IуплъапIэр адыгэ ныпым и теплъэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Ар республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм, хьэщIэм ирагъэлъагъун яфIэфIхэм ящыщщ. Апхуэдэ зы щIыпIэ дахэ иджыблагъэ къыщыунэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ислъэмей къуажэм, Уэзрокъуэ и джабэкIэ зэджэм деж ди ныпым и теплъэр храгъэубыдащ. Ар щIыуэпсым йокIу, къуажэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ хъуащ. Шабзищ зэблэдзам ищхьэкIэ вагъуэ пщыкIутIыр къыщолыд. И гупэмкIэ адыгэ ныпхэр щыхатIащи, лъагэу Iэтауэ жьым дохуарзэ. Абдежым щагъэтIылъащ «Псэм ипэ - напэ» псалъэхэр зытет мывэшхуэр.

Ислъэмей къуажэм апхуэдэ щIыпIэ екIур къыщыунэхуным теухуауэ гугъэ дахэ зыкъом щIауэ яIэт ГъукIэ Мухьэмэд и щIалэхэм. Зэшихым я гум щытIыгъуа мурад-гупсысэр нэрылъагъу хъуащ. Къуажэм къыдэхута дахагъэм теухуауэ депсэлъащ ГЪУКIЭ Валерэ. Ар хьэрычэтыщIэщ, къуажэм щегъэлажьэ псэуалъапхъэхэр щащэ тыкуэн. Езыр адыгэпсэщ, игъащIэ лъандэрэ я унагъуэм илъ адыгагъэр и гъуазэу.

- Валерэ, ныпым и теплъэр зэрывгъэувам, хуэфэщэну щIыпIэр къызэрыхэфхам и гугъу уэзгъэщIынут...

- Уэзрокъуэ джабэ лъапэм деж япэу щыс унагъуэр дэращ. Зэших дохъу, сэ сынэхъыщIэщи, лъапсэм сисщ. Куэд щIауэ зэкъуэшхэм дигу илът, дыщIэхъуэпсырт джабэ нэкIум ди лъэпкъ ныпым и теплъэр хэтщIыхьыну. Иджы ди Iуэху хуэхъуати, гурылъу диIар дгъэзэщIащ. Ныпым и теплъэр щытщIым щапхъэ тхуэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым апхуэдэ зэрыщыIэр. Къуэш республикэм мы Iуэхум теухуауэ запытщIащ, чэнджэщи къыдатащ. Джабэ нэкIум къыхэщ ныпым дэфтэр хузэдгъэпэщыни хуейщ.

Мыри жысIэнут, дыщыпсэу щIыпIэм и гугъу щысщIкIэ... Ди лъапсэм и гупэкIэ Щихъыкхъэ кIэ зэджэр иIэщ. Нэхъапэ IуэкIэ ари гъущI хъар дахэкIэ къэтхухьащ, къабзэлъабзэу щытын папщIэ. ЩIыпIэ щхьэхуэхэм, дамыгъэхэм пщIэ хуэщIыныр ди лъэпкъ гупсысэкIэм хэтщ. Ди сабиигъуэм, сощIэж, щIалэжь цIыкIу дрийпсрийхэм ящыщ щихъыкхъэм ихьамэ, къыщижыхьамэ, абы иту къемызэгъыу зищIамэ, егъэлеяуэ ущие гуащIэ къилэжьынут.

- Джабэ нэкIум щытлъагъур къызыхэщIыкIар сыт?

- Ныпхэр къэдабэ щэкIщ. Вагъуэхэр, шабзэхэр гъущIым къыхэщIыкIащ. Пэжым ухуеймэ, ахэр илъэс ипэкIэ дгъэхьэзырри дгъэтIылъат. Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъунум дегупсысурэ щылъащ. Арати, гупыж тщIащ мэлыжьыхьым и 25-м, Адыгэ ныпым и махуэр щыдгъэлъапIэм ипэ къихуэу, къызэдгъэпэщыну. Мыр лъэпкъ ныпым и махуэшхуэм дызэрыпежьа Iуэхущ. Тхьэм жиIэмэ, махуэшхуэм ирихьэлIэу къызэIутхынущ, гуфIэгъуэ дауэдапщи едгъэкIуэкIынущ.

Ныпым и теплъэр джабэм тредгъэубыдэным теухуауэ ди ныбжьэгъухэр, ди хьэблэ щIалэхэр сэбэп къытхуэхъуащ икъукIэ. Дэтхэнэми фIыщIэ хузощI. Псом хуэмыдэу Бэрэздж Лиуан и цIэр къисIуэну си гуапэщ. Зы махуэ къэмынэу къэкIуащ, Iуэхур здынэсам щIэупщIэу, сэбэп хъууэ, гупсысэрэ чэнджэщрэ къыхилъхьэу.

- Адыгэ ныпым теухуа гукъэкI дахэр щыфщIакIэ, лъэпкъ Iуэхум фегъэпIейтей зэшхэр. Сыт уэркIэ адыгэу ущытыным къикIыр?

- Дунейм теткъым лъэпкъым и пщIэр пIыгъыу упсэуным нэхъыфIи, нэхъ льапIи. «Къэзылъхуам хуэфащэщ» къыпхужаIамэ, - абы нэхъ пщIэ лъагэ щыIэу къыщIэкIынукъым. Лъэпкъ Iуэхур дигу илъу, адыгэ хабзэр дгъэлъапIэу, захуагъэм дытету дагъэсащ. Ди адэ-анэр щапхъэ дахэ тхуэхъуащ а псомкIэ. Я псалъэхэр дигу илъу, я IуэхущIафэу щытахэр гъуазэ тхуэхъуу допсэу. ЦIыху пэжу, пщIэ иIэу, IуэхукIэ къимыкIуэту щытащ ди адэр. Псалъэ Iущу къыджиIахэм гъащIэр щыхьэт тохъуэж куэдрэ.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

Дунейм щыхъыбархэр

Къэралым и дыщэ фонд

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ «Хэку цIыкIур Урысейм и къарущ» щIыналъэ форумым. Абы щагъэлъэпIащ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэм зэфIэкI къыщызыгъэлъэгъуахэр. Къэрал унафэщIыр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ щIыналъэ къулыкъущIэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ зэрырахьэкIыр икIи жиIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, абы и ветеранхэр а IэнатIэм къешэлIэн зэрыхуейр.

«АБЫХЭМ къагъэлъэгъуащ лIыгъэ зыхэлъ, дзыхь зыхуэпщI хъун, къалэн нэхъ гугъу дыдэхэр зэфIэхыным хуэхьэзыр цIыхуу зэрыщытыр, Хэкум и Iуэху дэкIыныр я дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэжу зэрыщытыр ди нэгу щIагъэкIащ, - жиIащ Путин Владимир. - Сэ срогушхуэ къулыкъущIапIэ псоми зауэ Iуэхухэм хуэIэижь IэщIагъэлIхэр щыIэ зэрыхъуам, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ тхыдэкIэ тщыщ щIыналъэхэу дыдей хъужахэмкIэ - ахэр хуэныкъуэщ шынэ зымыщIэ цIыхухэм».

Урысейм и УнафэщIым жиIащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр «къэралым и дыщэ фонду» къызэрилъытэр. «Апхуэдэхэм къэралыр яIэщIэплъхьэныр шынагъуэкъым. Абыхэм я цIэхэр уэрамхэм, еджапIэхэм фIэщын, я щапхъэм сабийхэр щIэпIыкIын хуейщ. ЛIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъагъуэу зи гъащIэр зыта щIалэхэм я фэеплъыр ящымыгъупщэу, абыхэм я хахуагъэм щыгъуазэу къэхъу щIэблэрщ Урысейм и къэкIуэнум къару нэхъыщхьэ хуэхъунур», - къыхигъэщащ Путин Владимир.

Къэрал 90-м щатхынущ

Мы гъэм ТекIуэныгъэм и диктантыр къэрал 90-м щIигъум щекIуэкIынущ. Ар и щыхьэтщ илъэс 80 ипэкIэ Хэку зауэшхуэм хахуагъэрэ лIыгъэрэ къыщызыгъэлъэгъуа совет цIыхухэм, апхуэдиз зэман дэкIыжами, хуащI пщIэр зыкIи нэхъ лъахъшэ зэрымыхъуам, сыт хуэдэ лъэхъэнэми ахэр щIэблэм я щапхъэу зэрыщытынум.

«ДИКТАНТЫР щрагъэкIуэкIыну махуэр, мэлыжьыхьым и 25-р, Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ, Гитлер пэщIэт гупым я зэгухьэныгъэм хэтхэр Эльбэ деж зэрыщызэхуэзар илъэс 80 зэрырикъум зэрытехуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. А тхыдэ теплъэгъуэм къегъэлъагъуэ нацизмэм ебэн лъэпкъ щхьэхуитхэм я зэкъуэтыныгъэр. Нобэ Урысейм зэкъуегъэувэ мамырыгъэм и телъхьэ, IуэхуфIхэм я жэрдэмщIакIуэ цIыхухэр. Абы къыхэкIыу къызэгъэщыну сыхуейщ диктантыр хамэ къэралыбзэу 10-кIэ зэрадзэкIауэ дунейм и щIыпIэ 90-м зэрыщатхынур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэрал куэдым къагъэлъэгъуэнущ лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуащIыр», - жиIащ УФ-м къэрал щIыб тIасхъэщIэхымкIэ и IэнатIэм и унафэщI, Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Нарышкин Сергей.

Мэлыжьыхьым и 24, *махуэку*

♦ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Лабораторэхэм къыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦1899 гъэм къалъхуащ адыгэхэм я къекIуэкIыкIар зыджа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ**.

♦1958 гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-ми Ингушми щIыхь зиIэ я артисткэ **Даур Иринэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 25, *мэрем*

♦Техьэгъуэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦ДНК-м и дунейпсо махуэщ

♦Адыгэ ныпым и махуэщ

♦1920 гъэм Налшык япэ медицинэ IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

♦1913 гъэм къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъостэн Исуф**.

♦1944 гъэм къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къуэдз Iэбубэчыр**.

♦1953 гъэм къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ**.

♦1954 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, къэрал лэжьакIуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

УмыщIэм ущIэупщIэныр емыкIукъым.

Экономикэ **Политикэ**

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ **Жылагъуэ Iуэху**

Адыгэбзэр зелъэфэней?

Бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмэпсымэхэм зэрызаубгъурэ, ди республикэми, абы и къалэхэми, къуажэхэми ятеухуауэ нэхъыбэ къэтщIэну Iэмал дгъуэтащ. ЩIэныгъэ къигъэхъуапIэ хъуахэм язщ «Тхыдэ дэфтэрхэм я электрон библиотекэр». Зауэ нэужьым республикэм гъащIэр зэрыщызэфIэувэжа щIыкIэм и зы Iыхьэщ лъэпкъ интеллигенцэм къикIуа гъуэгуанэри. 1947 гъэм Къэбэрдей АССР-м и ВКП(б)-м и обкомым и япэ секретарь Мазин Николай утыку кърихьа къэпсэлъэныгъэм тхакIуэхэр зыIута IэнатIэр нэгум къыщIегъэхьэ.

Гу зэрылъытэгъуафIэщи, а лъэхъэнэм мыхьэнэ нэхъ зратыр «лъэпкъ кадрхэр» гъэхьэзырынырт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Iуэхур щекIуэкI щIыналъэм щыщ цIыхухэр лэжьыгъэм къыхэшэнырт. ЩIэныгъэм, щэнхабзэм, лъэпкъ театрым, гъуазджэм я къудамэхэм топсэлъыхь япэ секретарыр. Совет тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэу республикэм щыIэм и лэжьыгъэми и гугъу ещI:

«Къэбэрдей АССР-м лэжьыгъэ хъарзынэ иригъэкIуэкIащ къэбэрдей художественнэ литературэр зэпэща хъун папщIэ. Зауэм щIидзэн ипэкIэ «Ленинымрэ Сталинымрэ къэбэрдей лъэпкъым я творчествэм къызэрыхэщыр» тхыгъэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдагъэкIащ, усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIумрэ Кlыщокъуэмрэ я усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъхэр, адыгэ уэрэдхэр, Теунэм и Iуэтэжхэр, усакIуэ щIалэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, къинэмыщIхэр дунейм къытехьащ, Совет властым къикIуа илъэсхэм художественнэ тхыгъэ зытхыфын цIыху зэрыщыIэр наIуэ къищIу.

1941 - 1945 гъэхэм урысыбзэрэ адыгэбзэкIэ тхылъитI къыдэкIащ, урыс тхакIуэхэм фронтым щатха очеркхэр иту.

Республикэр нэмыцэхэм къыIэщIагъэкIыжа нэужь Совет тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ зэфIагъэувэжам лэжьыгъэ гуэрхэр иригъэкIуэкIащ литературэм хуэлэжьэн къару зэгъэуIунымрэ щIыналъэм теухуа Iуэхугъуэхэм епха тхыгъэхэр гъэхьэзырынымрэ теухуауэ. УсакIуэхэу КIыщокъуэмрэ ЩоджэнцIыкIумрэ зауэм тепсэлъыхьыж лэжьыгъэ хъарзынэхэр ятхащ. КIыщокъуэм «Адэ» зыфIища и поэмэр, Къэбэрдей автономиер илъэс 25-рэ щрикъу гъэм ирихьэлIэу зэхалъхьа кантатэм лъабжьэ хуэхъуар, усакIуэм и ехъулIэныгъэу къэплъытэ хъунущ.

ЩоджэнцIыкIум Шекспир и пьесэ «Шыгурыхъур зэрагъэIэсар» («Укрощение строптивой») адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, «Ныбжьэгъум и фэеплъу» поэмэм йолэжь. Шортэным «ЩIытIхэм ису» пьесэрэ «Офицерым и гъуэгуанэ» повестрэ зэхелъхьэ. Теунэр «Гъэунэхугъуэ» пьесэм холэжьыхь, тхакIуэхэу Киреевымрэ Столяровымрэ Тырныауз комбинатым теухуауэ очеркхэр зэрыт тхылъ ягъэхьэзыр».

АдэкIэ обкомым и секретарым никъусаныгъэхэри къыхегъэщ: «Совет тхакIуэхэм я союзым и лэжьыгъэм щыщIэныгъэрэ щыуагъэу дэбгъуэни щыIэщ. Республикэм и театрхэм Акъсырэм итха «Лашын» пьесэмрэ Столяровым и «Исмэхьил-беймрэ» къызэрыщагъэлъэгъуар Зэгухьэныгъэми а тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэми щыуагъэшхуэу яIэщIэкIащ. Ахэр тхыдэ и лъэныкъуэкIэ пэжкъым, политикэ и лъэныкъуэкIэ щыуагъэщ, зэраныгъэ къашэ. Колхозхэри, совхозхэри, промышленностри, стахановецхэри къиубыдакъым къэбэрдей литературэм и нэм. Социалистическэ ухуэныгъэм теухуауэ иджыри къэс зы тхыгъэшхуэ диIэкъым. ТхакIуэ щIалэхэм я IэдакъэщIэкIхэр уцIырхъауэ, кууагъэрэ купщIэрэ яхэмылъу апхуэдэщ. Къэбэрдейм и тхакIуэ щIалэхэм лъабжьэ хъун идеерэ Iэзагъ лъагэрэ ябгъэдэлъкъым. А никъусаныгъэхэр къызыхэкIыр гъащIэм зэрыщымыгъуазэмрэ езы тхакIуэхэр къэухьрэ щэнхабзэкIэ зэрылъахъшэмрэщ».

Лъэпкъ интеллигенцэр зэфIэувэн папщIэ, псом япэ бзэм гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр къыхигъэщу, Мазиным гуащIэу къыпэджэжауэ щытащ ВКП(б)-м и Комитет нэхъыщхьэм и секретарь Жданов Андрей. «Къэбэрдей ВКП(б)-м и обкомым и лэжьыгъэм теухуауэ» къыщыпсалъэм, абы гу лъитащ адыгэбзэр зэрырагъэкIуэтым, щIыналъэм щыщ лэжьакIуэхэр зэрымащIэм: «Тхылъхэм ятеухуауэ сэ сыт фыкъыщIызэупщIыр, - жеIэ Мазиным. - ТхылъитI (къудей) зэрадзэкIащ. Адыгэ тхыбзэм хуэшэрыуэ цIыху диIэкъым. Сыт апхуэдэу щIыщытыр, сыщIоупщIэ сэ. Къэбэрдейм адыгэбзэ фIыуэ зыщIэ цIыху щыдимыIэу хъунукъым. НтIэ, къэбэрдей интеллигенцэм и кадрхэр пхуэгъэхьэзырыну, адыгэбзэр школым щумыгъэджу? Курыт школхэр урысыбзэм тепшэмэ, адыгэбзэ зыщIэ лэжьакIуэ дэнэ къыздикIынур? Аращи, упщIэ къоув: «Лъэпкъым къыхэкIа лэжьакIуэ дыхуей?» Дыхуеймэ, ныбжьэгъу Мазиным адыгэбзэм утехьэну тыншкъым жыхуиIэхэр лейщ. Iуэхур щхьэусыгъуэ мыхьэнэншэ гуэрым ебгъэлъахъэу, «урысыбзэкIэ ебгъэджэну нэхъ тыншщ, адыгэбзэр зелъэфэнейщ» жозыгъэIэ гупсысэр щIагъуэкъым. Ныбжьэгъу Мазиныр зытетыпхъэм текIауэ, тыншымрэ мытыншымрэ я лъэныкъуэмкIэ зригъэщIауэ къысфIэзыгъэщIыр аращ».

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм захуэуи къуаншэуи укъыщIэкIыну апхуэдизкIэ дзыхьщIыгъуэджэти, псалъэхэм я мыхьэнэм уагъэбэлэрыгъынкIэ уошынэ. ИтIани, тхыдэм къыхэнэр дэфтэрхэщ, абыхэми пэжым и зы Iыхьэ наIуэ къащI.

Хьэл зэтетым и нэщэнэщ нэмысыфIагъыр

ООН-м 2019 гъэ лъандэрэ мэлыжьыхьым и 5-р НэмысыфIагъым и махуэу игъэувауэ къокIуэкI. Хьэл зэтетым и мыхьэнэр цIыхум зыхимыщIапIэ иIэкъым.

«УЭ къуащIэну пфIэмыфIыр нэгъуэщIми иумыщIэ», - аращ дунейм щызекIуэ цIыху зэхэтыкIэ лIэужьыгъуэ псоми я лъабжьэр. Къарум нэхърэ нэхъ узыфIэлIыкIыпхъэ щымыIэу къыщалъытэ лъэхъэнэхэм щэнгъасэм мыхьэнэшхуэ щимыIауэ къыпфIощI, хъыбарыжьхэм укъыщеджэкIэ. Ауэ гъащIэр ипэкIэ кIуэтэху, Iэпкълъэпкъым и гъусэу псэми зеужь, езы цIыхури ищIэмрэ жиIэмрэ нэхъ кIэлъыплъыжу къыдокIуэтей, адрейхэм хьэл дахэрэ щэн щабэкIэ уазэрыбгъэдэтыпхъэм къыпэкIуэ фIы псори и щхьэкIэ егъэунэху.

Хэти ищIэ хуэдэу щытщ цIыхуфIу ущытын зэрыхуейр. Ауэ цIыху щхьэхуэм къыхих псэукIэ хьэлыр езым зэрелъытар сыт хуэдизкIэ? Ар къыбдалъхурэ хьэмэ гъэсэныгъэм къыпхилъхьэрэ, е тхылъхэм къибджыкIмэ зэфIэкIа?

Псэм и щытыкIэм елIалIэ психологхэм зэрыжаIэмкIэ, зы цIыхур адрейм зэрыдекIуэкI хьэл лIэужьыгъуэхэр апхуэдэ дыдэу куэд хъуркъым. А гупсысэр и лъабжьэу, иужьрей зэманым «профайлинг» жыхуаIэ IэщIагъэщIэр къэунэхуащ. ПрофайлерхэмIэм яхузэфIокI цIыхум и теплъэм, и псэлъэкIэм, и хъуэпсэкIэм, зыхъумэжыкIэм елъытауэ, зыхиубыдэ «псантхуэ къудамэр» къагъэнэIуэн. Уеблэмэ цIыхум жиIэр пэжрэ пцIырэ зэрызэхэбгъэкIын Iэмалхэр щыIэщ.

Дызытепсэлъыхь щIэныгъэ къудамэр япэу къызэIузыхар нэмыцэ психиатр, профессор Леонгард Карлщ. Урысейм мы унэтIыныгъэмкIэ нэхъ лъэрызехьэу исар психолог цIэрыIуэхэу Ганнушкин Пётррэ Личко Евгенийрэщ. Дызэрыт зэманым IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэу къалъытэ психиатр Пономаренкэ Виктор. ЦIыху хьэлхэр зэрагуэш щIэныгъэрщ «характерологие» зыфIащар икIи абы и мыхьэнэр зэрыабрагъуэр дэтхэнэ зыми зыдилъагъужыфынущ.

Леонгард зи гугъу тщIы псантхуэ лIэужьыгъуэхэр (абыхэм иджыри «радикал»-кIэ е «психотип»-кIэ йоджэ) 12-у зэщхьэщидзырт. Личко къыхигъэщыр лIэужьыгъуиийт. Дызэрыт зэманым ди IэщIагъэлIхэм ахэр зэрызэхадзыр Пономаренкэ къыхигъэщхьэхукIа гупиблымкIэщ.

Зи гугъу тщIы цIыху хьэлхэр къыхагъэщхьэхукIыным тегъэщIапIэ хуэхъур IуэхугъуитI къудейщ: псантхуэхэр зыгъэлажьэ къарум и лъэщагъымрэ и псынщIагъымрэ. Ахэращ зэлъытар цIыхур гъащIэм зэрыпхыкI щIыкIэр. Псори къыщежьэри зэкIуэлIэжри къыддалъхуа Iэпкълъэпкъымрэ абы зихъумэжын папщIэ зыдигъуэтыж хэкIыпIэхэмрэщ.

Сыт хуэдизкIэ дэ езым ди фIыгъэ е ди лажьэ хьэл щхьэхуэ къызэрытщтэр? Къэгубжьрей, щхьэцпэщтэ, гузэвэх, джэгурей, зыщхьэпрезыгъэх, хуэмыху щIэращIэ, псэм хуэдэ, бзаджэжь, жэмыжьыгу... Адыгэбзэм псалъэ куэд хэтщ уи пащхьэм ит цIыхум нэхъ къыхэпIиикIыу дэплъагъур нэгум къыщIигъэхьэу. Ауэ апхуэдэу дыщытыныр дэ езым къыхэтхыжрэ, гъэсэныгъэм къытхипщэрэ, хьэмэ адэ-анэхэм дадэплъейуэрэ е запытщIыжурэ десэрэ? А псоми жэуап кърет психологием, нэхъ кууэ укIуэтэху, нэхъ зыуигъэщIыхужу. Пономаренкэ къэхутэныгъэ куэд иригъэкIуэкIащ мы зи цIэ кърaIуэ хьэл лIэужьыгъуиблыр къыхихын ипэ, езым ипэкIэ щыIа психологхэм я лэжьыгъэхэри тегъэщIапIэ ищIащ.

Псоми я гугъу тхуэмыщIми, психотипхэр зэпкърызых щIэныгъэм и зы кIапэ къэтIэтынщ. Псалъэм папщIэ, «истероид» зыфIаща хьэл зыдалъагъу цIыхур адрейхэм къахыумылъагъункIэ Iэмал имыIэу жаIэ. Абы и дежкIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэр зыкъыхэгъэщынырщ. ЗыхуэпэкIэ, псэлъэкIэ, еджэкIэ, лэжьэкIэ хъуми, истероидым нэхъ къыфIэIуэхур адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу, нэхъ дахэу, нэхъ лъэщу, сытми, цIыхухэр зэрызэпеуэ лъэныкъуэ псомкIи пэрыту къыщIэкIынырщ. Ауэ и фIэщу зыгуэрым зэрелIэлIэн къару къызэремэщIэкIым къыхэкIыу, истероидым зэфIэкI къызэрымыкIуэ далъагъуркъым, и псантхуэр тIасхъэщи. ЦIыху жыджэру фэ тет щхьэкIэ, лэжьэрейкъым. Арaщ зыщытхъужын хьэлыр абы и щэну щIыщытыр. Зыгъэлъэгъуэныр зи лъабжьэ мы гупым щыщхэр актёр, уэрэджыIакIуэ, дауэдапщэхэр езыгъэкIуэкI хьэтиякIуэ хъу хабзэщ. «Нэм зыщIэзыIу» жиIэнт адыгэм, ауэ, плъагъурэ, ари цIыхум къыдалъхуащ. Къалэн нэхъыщхьэу истероидым зыхуигъэувыжыр цIыхухэм ягу зрыригъэхьынырщ. А плъапIэм хуэунэтIащ и щыгъынри, и псалъэхэри, уеблэмэ пэжым блэIэбыкIыу къигупсысхэри. Истероидыр пэшым къыщIыхьэмэ, псори зэплъынур арaщ. Абы игу зэгъэнукъым гу къыщIылъатэн гуэр жимыIэу е имыщIэу. Сытым дежи ущытхъун, къыхэбгъэщын, бгъэгушхуэн хуейщ.

Щхьэхуэу къыхагъэщ хьэлщ «гузэвэх» («тревожный») зыфIэпщыфыну хьэлым и щытыкIэр. Ар нэхъ зыхуэщ цIыхум утыку имыхьэмэ нэхъ къещтэ, закъыхигъэщыну тегушхуэркъым, абы зэраныгъэ гуэр къишэнкIэ зэрыгузавэм къыхэкIыу. Истероидымрэ гузэвэхымрэ зыр адрейм пэщIэту пхужыIэнущ. Ипэрейр утыкум хуэпабгъэмэ, гузэвэхыр абы щощтэ. Лэжьыгъэ нэхъ гугъу дыдэхэр дихыныр нэхъ фIэтыншщ, уеблэмэ ар зыщIар езыр зэрыарар къамыгъэнаIуэ щхьэкIэ, игу хэщIынукъым, и гугъу ямыщI закъуэмэ.

Дэтхэнэ цIыхуми и щытыкIэм зы хьэл лIэужьыгъуэ е тIу щытепщэу къалъытэ. Мыхьэнэ нэхъ зиIэ а тIур къыхэпхутыкIа нэужь, гурыIуэгъуэ мэхъу ар и унагъуэми, и лэжьыгъэми, зыхуэзэ цIыхухэми зэрахущытынур, бгъэдэлъ Iэзагъхэр, къыфIэIуэхур, къинэмыщIхэр, а псом къикIращи - узэрыщыгугъ хъуну фIыр е узыхуэсакъыпхъэ Iейр. Пономаренкэ и тхылъхэм я зым щыжеIэ: хьэл Iей щыIэкъым. Нэрыбгэ щхьэхуэм и хьэлыр елъытакъым ар зэрыцIыхухъуми, зэрыцIыхубзми, абы и ныбжьми, къызыхэкIа лъэпкъми, зэрихьэ динми. ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, психотип нэхъыбэ цIыхум хэлъыху, хьэлкIэ нэхъ зэтету апхуэдэщ.

Урысейм и ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и следственнэ изолятор №1-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 105-рэ ирикъуащ.

ЛIэщIыгъуэм щIигъуауэ



Изолятор №1-м и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Газаев Исса.

СЛЕДСТВЕННЭ изоляторым теухуа япэ тхыгъэхэр къыщыбгъуэтыфынущ 1920 гъэм и архив дэфтэрхэм. Абы щыгъуэм IуэхущIапIэм зэреджэр Налшык окружной лъэхъуэщт. IуэхущIапIэр зэрыщыIэрэ и цIэр мызэ-мытIэу яхъуэжащ. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Налшык къалэм и тутнакъэщ №1-м и лэжьакIуэ 57-рэ фронтым кIуащ.

IуэхущIапIэм и къызэгъэпэщакIуэу икIи абы и унафэщI екIуу щытахэм ящыщщ ЛIуп Жанхъуэт Ибрэхьим и къуэр.

1920 гъэм и гъатхэпэм щыщIэдзауэ 1926 гъэм и щIышылэм кърихубыдэу ар Налшык и къэрал политикэ управленэм и къызэрымыкIуэ комиссэм и политотделым и лъэхъуэщым и Iэтащхьэу щытащ, 1926 гъэм и мэкъуауэгъуэм Къуаншагъэр лэжьыгъэкIэ щагъэзэкIуэж Налшык унэм и унафэщIу, КъБАО-м и облисполкомым и административнэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. ЛIупырщ езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм унэщIэ хуезыгъэухуар. 1928 гъэм ирихьэлIэу Налшык дэт а лъэхъуэщым къепха хъуат Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр зэрыщыту. Жанхъуэт и зэманым тутнакъэщхэм лэжьыгъэм, IэщIагъэм щыхуагъэсэт. Абы къыхэкIыу облисполкомым и президиумым и зи чэзу зэIущIэм унафэ къыщащтащ ар суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм я къуаншагъэр щагъэзэкIуэж Къэбэрдей-Балъкъэр областной унэу зэрахъуэкIыну икIи тутнакъхэр щагъэлэжьэну IэнатIэхэм зрагъэубгъуну. Илъэс дэкIри, мастерскойхэм я лэжьыгъэр зэтеуващ. Лъэхъуэщым исхэр губгъуэхэм, кIыщхэм ирашэрт. ЗалымыгъэкIэ ягъэлэжьэну зи суд ящIахэм къапэплъэрт мывэ къыщIэхыпIэхэмрэ пшахъуэ къишыпIэхэмрэ, апхуэдэу гъуэгу лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

30 гъэхэм я кIэухым следственнэ изоляторым и мызакъуэу, республикэм къыщызэIуахат къуаншагъэр щагъэзэкIуэж икIи щагъэлажьэ IэнатIэхэри. А зэманым Налшык къыщызэIуахащ япэ колониер. Ар зытета Пятигорск уэрамырщ зи гугъу тщIы КъБР-м щыIэ УФСИН-м и следственнэ изолятор №1-р мы зэманым здэщыIэр. IуэхущIапIэм и унэр 2005 гъэм къызэIуахащ, 2010 гъэм абы зрагъэубгъуащ. Иджы СИЗО №1-м зэуэ щаIыгъыфынущ цIыху 522-рэ. Абы и щIыналъэм иIэщ езым и котельнэ, зыгъэпскIыпIэ-жьыщIапIэ, ерыскъы гъэхьэзырыпIэ, щIакхъуэ гъэжьапIэ. Иужьрейм къуэншауэ шэч зыхуащIхэмрэ суд зытращIыхьахэмрэ щIакхъуэрэ макаронхэмкIэ къызэрегъэпэщ. IуэхущIапIэр уздэщ шынагъуэншагъэм хуэщIа иджырей IэмэпсымэхэмкIэ. Езым иIэжщ тхылърэ журналу мини 5-м щIигъу зыщIэлъ библиотекэ. Балигъ мыхъуахэр щрагъаджэ еджапIэ-чэнджэщакIуэ центр щолажьэ.

Мы зэманым следственнэ изолятор №1-м и унафэщIщ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Газаев Исса. Абы къыхегъэщхьэхукI цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ дэтхэнэ IуэхущIапIэми хуэдэу следственнэ изоляторыр щыпIэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. «Си дежкIэ мыр лэжьыгъэ къудейкъым, атIэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ СИЗО-м къыщыхута цIыху зэхуэмыдэхэм уазэрепсэлъэфыну бзэ къыщыбгъуэтыфын хуей щIыпIэщ», - жеIэ унафэщIым. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, езыр зи унафэщI гупыр псом япэу гудзакъэрэ шыIэныгъэрэ зыхэлъ цIыху хьэлэлхэщ. Подполковникым къызэрилъытэмкIэ, шэч зыхуащIхэм, ягъэкъуаншэхэм, суд зытращIыхьахэм уадэлэжьэн папщIэ апхуэдэ хьэл-щэнхэр фIэкIыпIэ имыIэу пхэлъын хуейщ.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ уи лэжьэгъухэм пэжу уабгъэдэтынми. Дэтхэнэми къыгурыIуапхъэщ псоми зэфIэтхыр зы Iуэхуу зэрыщытыр икIи ар дызэдэIэпыкъуу фIэкIа ди къарум зэрыдэмыхуэнур. Апхуэдэ щIыкIэкIи дэ дгъэзэщIэнущ ФСИН-м хуагъэува мурадхэр. Ди деж щылэжьэну къакIуэ дэтхэнэри цIыху зэтету щытын хуейщ,- къыхигъэщащ унафэщIым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Шуудзэм и хахуагъэр нобэми щапхъэщ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур ягъэлъапIэу икIи 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и фэеплъу Нарткъалэ Ерчэн Темболэт и цIэр зезыхьэ и спорт комплексым щракIуэкIащ Iэпщэрыбанэ спортымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Зэпеуэм хэтащ КъБР-м и щIыналъэхэм я спортсмени 180-рэ, я ныбжькIэ илъэси 8 - 13 хъухэу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Iэпщэрыбанэ спортымкIэ и федерацэм, Аруан щIыналъэ администрацэм, Кэхъун къуажэм и администрацэм, советыдзэм хэту Германием къулыкъу щезыхьэкIахэм я ветеранхэм я Аруан щIыналъэ зэгухьэныгъэм икIи ар хуэунэтIауэ щытащ спортым республикэм зыщегъэужьыным, сабий нэхъыбэ абы дегъэхьэхыным, Iэпщэрыбанэ спортым ныбжьыщIэхэр къыхэшэным, дзэ къулыкъум и пщIэр къэIэтыжыным, щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуным, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэр къыдэкIуэтей щIэблэм я щапхъэу къэгъэтэджэным.

Зэхьэзэхуэм кърагъэблэгъат 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэта зауэлIым и къуэ Кабалоев Мурадин.

Зэпеуэхэм щIадзэным ипэ къихуэу хьэщIэхэмрэ спортсменхэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ УФ-м и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и советым и тхьэмадэ, СССР-м IэщэкIэ ЗэщIэуззэда и Къарухэм я ветеран, полковник МацIыхъу Хъусен икIи абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ шуей дивизием Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэр, къахуеджащ Макитов Сэфар абыхэм ятеухуауэ зэхилъхьауэ щыта усэм.

Советыдзэм хэту Германием къулыкъу щезыхьэкIахэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт, техник ныбжьыщIэхэм я станцу Нарткъалэ дэтым и къудамэм и унафэщI Гулэжын Беслъэн тренерхэм фIыщIэ яхуищIащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр сабийхэм зэрыдрагъэкIуэкIым, хэкупсэу ахэр къызэрагъэхъум папщIэ.

КъБР-м Iэпщэрыбанэ спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Шэрджэс Заурбэчи Балъкъыз Хьэсэн фIыщIэ хуищIащ зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэр зэрагъэпажа медалхэмкIэ, кубокхэмкIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ зэрызакъыщIигъэкъуам щхьэкIэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Урыс-Кавказ зауэм зи цIэ къыхэщ адыгэ дзэлIхэм лъэпкъым и ней нэхъ зыщыхуа яхэбгъуэтэнкъым, Бекович-Черкасский Фёдор хуэдэу. Илъэс 200 ипэкIэ, 1825 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м абы и унафэм щIэт къэзакъ 350-м Лабэ Iуфэм Iэпхъуа «къэбэрдей щIэпхъуэжахэр» щыпсэу Къарэмырзей къуажэр гущIэгъуншэу зэтрагъэсхьауэ щытащ.

Налшык быдапIэм ещIэкIа къалэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ къытIэрыхьащ зи гугъу тщIы генералыр «Кавказ узэщIакIуэ щэджащэу» къэзыгъэлъагъуэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм Абаевым и цIэр зэрихьэу дэт гуманитар, социальнэ щIэныгъэхэмкIэ институтым тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Айларовэ Светланэ и тхыгъэ: «Бекович-Черкасскэм къалэ ухуэныгъэм теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмхэм яз». КъызэрыщIэкIымкIэ, быдапIэу къежьа Налшык жылэм къалэ къыхэщIыкIыныр зи жэрдэмыр Бековичырщ, абы урыс тетыгъуэм фейдэуэ къыхуихьынухэр щызэпкърих тхыгъи иIэщ.

1827 гъэм къэбэрдеипщхэмрэ уэркъхэмрэ Къэбэрдейм щыIэ генерал Дибич зыхуагъэзауэ щытащ, щIыналъэр зэрыт щытыкIэм иригузавэу. Къэзакъ псэупIэхэм ирагъэубыда щIыпIэхэр къыдэфтыж, Мэккэм хуиту дывгъакIуэ, лъэпкъ хабзэхэм, диным, хуитыныгъэм фыкъемыбгъэрыкIуэ - апхуэдэ лъэIукIэ зыхуагъэзат пащтыхь тетыгъуэм ди лъэпкъэгъу жыжьэхэм. Бекович-Черкасскэр а тхыгъэм кърагъэджэри, и гупсысэхэр къигъэнэIуэну унафэ къыхуащIати, «Къэбэрдей адыгэхэм я лъэIумрэ абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуа зэрыхъунумрэ» зыфIища тхыгъэ игъэхьэзыращ. Арaщ нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Айларовэр.

«Къэбэрдейм щыпсэу лIакъуэхэм ящыщу, зыми и щIым мылъку къыхуищIыркъым, адрей къэралхэмрэ щIыналъэхэмрэ ещхьу, - итхырт Бековичым. - Абы къыхэкIыу, щIы зи Iэмыщ1э илъ цIыху къэс езым къылъысыр, тетыгъуэм и пащхьэм къалэну щихьыр, мэкъумэшыщIэхэм яхуищI унафэр здынэсыр, езыхэри пщы-уэркъхэм зэрахущытыпхъэр гурыIуэгъуэу зэхэмыкIауэ, хъунщIэнымрэ зэуэнымрэ кIэ иIэнукъым, абы хуэунэтIауэ къащтэну унафэ псори пщIэншэу къэнэнущ».

ЩIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр гурыIуэгъуэ пэтми, абы нэмыщI, Бековичыр зэреплъымкIэ, адыгэхэр европей зэхэтыкIэм, узыхуей бгъуэту упсэуным къихь фейдэмрэ гъащIэ тыншымрэ егъэхъуэпсэн хуейуэ къилъытэрт. «Адыгэхэр псом япэу гъащIэ дахэм дегъэхьэхын хуейщ, - зригъэужьырт абы и гупсысэм. - Зы щIыпIэм уису упсэуныр зэрынэхъыфIыр наIуэ хъун папщIэ, Къэбэрдейр зэрыщыту екIуалIэу, Налшык быдапIэм деж къалэ щыухуэн хуейщ. Адыгэхэр а къалэм Iэпхъуэным ехъуэпсэн папщIэ, япэщIыкIэ муслъымэн тэтэрхэр дэгъэтIысхьапхъэщ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адрей лъэпкъхэри абы щыпсэуным тегушхуэн хуэдэу. Къалэдэс гъащIэр къыхахын папщIэ, Iэпхъуэну зыдэ псоми илъэс 15 хуэдизкIэ къэралми щIыналъэми къытралъхьэ уасэхэр ящхьэщыхын хуейщ».

Апхуэдэ къалэм къэбэрдей адыгэхэр псынщIэу дихьэхынурэ, езыхэм я унэ кIыфIхэр яригъэбгынэнущ, я унагъуэхэр я гъусэу къалэм къэIэпхъуэн гукъыдэж ягъуэтынущ. Хуэмурэ щэнкъэщхуэным дихьэхынурэ, я псэукIэри гъащIэри ирагъэфIэкIуэным зратынущ. Налшык адыгэ псоми я екIуэлIапIэ хъунурэ, пщы-уэркъ щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ яхипщэнущ.

Налшык быдапIэм «къэбэрдейхэм щIэныгъэ яIэн папщIэ», урысыбзэр, хьэрыпыбзэр, персыбзэр щрагъэджу, зэкIэ цIыху 15 хуэдиз зыщIэс еджапIэ къыщызэIуахын хуейуэ жиIэрт генералым. Къэралым иригъаджэхэр мазэм зэ фIэкIа я деж ямыгъэкIуэжу, абы илъэсищкIэ щеджа нэужь, Урысейм яшэнщи, я щIэныгъэр абы щыхагъэхъуэнщ. Урыс къалэхэм щеджэу къэзыгъэзэжахэр адрейхэм къулыкъурэ хуитыныгъэкIэ къыхагъэщмэ, пщыуэркъхэм я дежкIэ ар зэпеуэ хуэдэу хъунурэ, я пщIэр драгъэуеин папщIэ, я бынхэр еджапIэм хуиту яутIыпщынущ».

«XIX лIэщIыгъуэм Къэбэрдейм щыпсэуа жылагъуэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ Бекович-Черкасскэм урысей тетыгъуэм и пащхьэм социально-политикэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр зэрахузэфIэкIын Iэмалхэр я пащхьэ ирилъхьат, адыгэхэм я щэнхабзэми, псэукIэми, лэжьэкIэми фIы и лъэныкъуэкIэ зригъэхъуэжыну, - етх Айларовэм. - Абы игъэхьэзыра программэм мыхьэнэшхуэ щиубыдырт «щIэныгъэ IэмалкIэ хьэл пхъашэхэр егъэфIэкIуэн» Iуэхум. Пщы-уэркъ гупсысэкIэм и гъунапкъэм имыкI пэтми, Бекович-Черкасскэм къыхилъхьахэр ягъэзэщIамэ, ар Кавказ Ищхъэрэм и экономикэми и щэнхабзэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъунут».

А псоми адыгэхэр нэхъ Iэсэ, жыIэщIэ, Iэуэлъауэншэ ящIын хуейуэ арат. Ауэ зи гугъу тщIы лIыр цIэрыIуэ щыхъуар мы жэрдэмхэр утыку кърихьэн ипэкIэщ, 1825 гъэм. Къарэмырзей къуажэм «щызэрихьа лIыгъэм» папщIэ пащтыхь Александр тыгъэ къыхуригъэщIыну Ермоловым лъэIу тхылъ итха щхьэкIэ, пащтыхьым идакъым: «Япэу зэратеуамкIэ саугъэт къилэжьауэ щытми, - хуитхыжащ императорым лъэIу къезыгъэхьа Ермоловым, - зи гугъу пщIым къилэжьар зыIэщIигъэкIыжащ, я нэхъыбэр цIыхубзрэ зэуэкIэ зымыщIэ сабийуэ, унагъуэ 300 зыри къахимынэу зэрызэтриукIам къыхэкIыу».

Тхыдэр щIаджыр дерс къыхахын папщIэщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.



«Зэныбжьэгъугъэм» пащэ

«Акрополь» хьэщIэщым щыпащащ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм къыщагъэщIэрэщIэж «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхум и зи чэзу Iыхьэм. Абы хэтыну щIалэхэм ящIыгъуащ я Iыхьлыхэри. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм.

2009 ГЪЭМ ирагъэжьауэ щыта мы Iуэхум япэ дыдэу хэтащ Аргудан, Гундэлэн къуажэхэм щыщ унагъуий. Илъэс 15-м къриубыдэу мы лэжьыгъэм зэрызиубгъуам и щыхьэтщ ныбжьыщIэ 500-м щIигъу абы зэрыхэтар. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар зэрырагъажьэрэ КъБР-м, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм, УФ-м, хамэ къэралхэм щыпсэу ныбжьыщIэ куэд къуэш зэрыгъэхъуащ, унагъуэкIи зэкIэлъокIуэ. Абы хэтщ илъэс 15-м щыщIэдзауэ 17-м нэс зи ныбжьхэр. Иужьрейм къыхашащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ, къалэ псоми щыщхэр. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ зэгурыIуэу, зым и хабзэм адрейм пщIэ хуищIу къэгъуэгурыкIуэ Кавказым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну, ижьижьыж лъандэрэ ди щIыпIэм щызекIуэ хьэщIагъэ хабзэ дахэр нэхъыжьхэм щIэблэм къыхуагъэнэну. Бзэ, хабзэ, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъхэр мыпхуэдэ Iуэхум зэкъуегъэувэр, пщIэ зыхуащIу ирегъасэ.

ХьэщIапIэ кIуэну щIалэхэмрэ ахэр бысым зыхуэхъунухэмрэ чэзууэ утыкум кърашэурэ зэрагъэцIыхуащ. Япэу ирагъэблэгъащ Хьэбаз къуажэм щыщ, 11-нэ классым щIэс Кайгермазов Ахъмэтрэ Прохладнэ къалэм щыщ, 10-нэ классым кIуэ Заптий Къантемыррэ. КъыжыIапхъэщ Кайгермазовхэ я унагъуэр иджы еплIанэу мы Iуэхум зэрыхэтыр. Ахэр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм, ещхь хъуну зыщIэхъуэпс цIыху цIэрыIуэхэм, еджэным къыщыдэхуэкIэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрагъакIуэм, къыхахыну IэщIагъэм, нэгъуэщIхэм теухуа упщIэ зыбжанэ щратым, гурыIуэгъуэ хъуащ щIалэхэр спортым зэрыдихьэхыр, Олим Джэгухэм я чемпион хъуахэм, спортым къыхэжанык Iа щIалэхэм зэрыдэплъейр. НыбжьыщIэхэм хуагъэбелджылы хабзэхэр зэрыт тхылъ цIыкIумрэ («Нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщI, нэхъыщIэхэм щапхъэ егъэлъагъу», «НэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм, хабзэхэм, диным пщIэ хуэщI», «Мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ лъытэ», «Уи хьэщIэр уи къуэшщ», «Бысымым и лъэпкъ хабзэхэм пщIэ хуэщI», «ХьэщIэм дапщэщи дэIэпыкъу», «ХьэщIэм епта псалъэм уемыпцIыж», «Узыщыщ лъэпкъымкIэ жэуаплыныгъэ зэрыпхьыр зыщумыгъэгъупщэ», нэгъуэщIхэри) мы Iуэхум и дамыгъэр зытет футболкэхэмрэ дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ.

- ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэ, ныбжьыщIэхэ!

«Зэныбжьэгъугъэ-2025» Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэр зэрыцIыхунымкIэ. ХьэщIапIэ кIуэхэр бысымхэм я лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэм, шхыныгъуэхэм, псэукIэм хагъэгъуазэ, курыт еджапIэхэм макIуэ, ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 зэрыкъум и щIыхькIэ екIуэкIыну зэхыхьэхэми хэтыну Iэмал яIэщ. Дэзыхьэх Iуэхухэмк Iэ (спортым, шахматым, бдзэжьей ещэным, н. къ.) ныбжьыщIэхэр зэрызэтедгъэхуэным дыхэтащ. Фи зэхуаку къыдэхъуэну зэныбжьэгъугъэр фи гъащIэ псокIэ ефхьэкIыну сыщогугъ, – жиIащ КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмк Iэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулат. – Илъэс 14 ипэкIэ Iуэхур щедгъэжьам зэрыцIыхуа щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ нобэр къыздэсым зэкIэлъокIуэ, зэныбжьэгъугъэ быдэ яку дэлъу. МызэмытIэу мы Iуэхум хэтахэри зэхыхьэм къедгъэблэгъащ. Тхьэмахуэ дэкIмэ, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ иджыри зэ мыбдеж дыщызэхуэсынущ!

- Зэхыхьэм сызэрырагъэблэгъар гуапэщI. Лъэпкъ щхьэхуэхэм къыхэкIа щIалэхэр республикэм и нэгъуэщI къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыщ унагъуэхэм хьэщIапIэ зэрыкIуэр фIыщ. ХьэщIапIэ кIуэ ныбжьыщIэхэм бысымхэм я гуапагъэ зыхэфщIэну, зэманыр щхьэпэу, гъэщIэгъуэну, гукъинэжу вгъэкIуэну, зэныбжьэгъугъэ быдэ фи зэхуаку къыдэхъуэну сынывохъуэхъу. Лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къару нэхъыщхьэр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и депутат, ЗауэлIхэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхур хуабагъэрэ гуапагъэкIэ зэрыгъэнщIар, ар къыхэзылъхьахэмрэ абы хэтхэмрэ фIыщIэшхуэ зэрахуэфащэр, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, хьэщIэм пщIэ хуэщIыныр зи лъабжьэ хабзэ дахэр къызэрагъэщIэрэщIэжым, зым и псэукIэм адрейм зыщигъэгъуэзэну Iэмал зэраIэм папщIэ.

ЗэIущIэм хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

ХьэщIэгъуэр зэфIэкIмэ, зэхуэсыжынурэ ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьыжынущ я махуэхэр зэрагъэкIуам, гъунэгъу лъэпкъхэм я гъащIэм, хабзэхэм щыщу къащIам, псэукIэм, нэгъуэщIхэми.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Дызэкъуэту

ЦIыху гъащIэр зауэм щызыхъумэ Ансыкъуэ Ренат

Урысейм мы зэманым иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхар тхыдэ мыхьэнэ зиIэщ. Ар къагуроIуэ ди къэралым, республикэм исхэм. Ауэ псом хуэдэжкъым зи гъащIэр, лэжьыгъэр дзэ Iуэхум езыпхахэр, е езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ фронтым Iухьа ди щIалэхэр - абыхэм махуэ къэс лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэ, я апхуэдэ хъыбар къыщытIэрыхьэкIи догушхуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыщ куэд щыIэщ къэралым и сэбэп зыхэлъхэр щахъумэ щIыпIэм икIи дэтхэнэми уригушхуэ хъуну сэлэт хахуэхэщ. Си тхыгъэр зытеухуар СВО-м и япэ махуэм щегъэжьауэ щыIэ сызэрыгушхуэ си дэлъху нэхъыщIэ Ансыкъуэ Ренат МуIэед и къуэрщ. Нобэ МуIэед и къуитIыр – Русланрэ Ренатрэ – зауэ губгъуэм итщ, къыхаха IэщIагъэм, къыщалъхуа хэкум хуэпэжу. Руслан Лъэпкъ гвардием къулыкъу щещIэри, пIалъэ-пIалъэкIэрэ гъуэгу тоувэ. Ренат лъэсыдзэ батальоным илъэсиплI хъуауэ щыIэщ, медицинэ взводым хэту.

Кърымым лэжьыгъэ IуэхукIэ ягъэкIуа дзэлIхэр, Ренати яхэту, 2022 гъэм мазаем и 21 - 22-хэм яшащ къэралитIым я дзэхэр щызэпэщIэт щIыналъэм. Зауэм и нэхъ гуащIэгъуэхэр зи нэгу щIэкIа щIалэщIэм щытыкIэ гугъум, шынагъуэм, гужьеигъуэм пэщIэтыфу псынщIэу зригъэсащ икIи уэгури щIыгури шэкъэуэжу щыщыт щIыпIэм къулыкъу гугъур нобэр къыздэсым щрехьэкI.

Зауэ IэнатIэм Iутым и щхьэр, и щIыпIэр, и хэкур IэщэкIэ ихъумэн хуей хъумэ, Ренат и къалэныр тIуащIэ-щащIэщ. Абы уIэгъэ хъуа сэлэтхэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр яритын хуейщ; ажалым щихъумэу, дэтхэнэ зы дзэлIми зауэ губгъуэм щеIэзэныр и пщэрылъщ. Зэхэуэр щекIуэкI щIыпIэм къыщауIа сэлэтым деж псом япэу нэсыр Ренатщ, мафIэсым къыхахыжа уIэгъэхэр къызыхуашэр дзэ фельдшерырщ.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэм къыщалъхуа щIалэр курыт еджапIэ нэужьым КъБКъУ-м МедицинэмкIэ и колледжым щIэтIысхьащ, ехъулIэныгъэхэр иIэуи ар къиухащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, зыщIэхъуэпса IэщIагъэр и гум къыдыхьащ икIи дохутыр нэхъыщхьэхэр къыщытхъуу, сымаджэхэр къыхуэарэзыуэ лэжьащ. Фельдшер Iэзэм, жыджэру зи къалэн псори зыгъэзащIэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» лэжьэн щыщIидзащ. Армэм дэкIын хуейуэ тхылъымпIэ къыщыIэрыхьэм, ар дэтхэнэ зы цIыхухъуми и пщэрылъ нэхъыщхьэу къэзылъытэ щIалэр, чэнджащи гупсысэ леи хэмыту, дзэм къулыкъу щищIэну кIуащ. Ренат зыхэхуа гупыр Кърымым яшащ. Абы щыIэу и япэ контрактым Iэ тридзащ икIи дзэ медицинэ пунктым и унафэщIу ягъэуващ. Адыгэ щIалэм къыщалъхуа щIыналъэм нэхъ и гъунэгъуу адэкIэ къулыкъу щищIэну Iэмал къыщыхукъуэкIым, Владикавказ къэкIуэжри, етIуанэ зэгурыIуэныгъэм абы Iэ щытридзащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, мамыру сымаджэщым щылэжьэфыну щыта щIалэр дзэ фельдшер хъуащ. «Зауэ къэхъейуэ абы уагъэкIуэну пщIамэ, дзэм ухыхьэнут?» - жысIэу сыщеупщIым къызжиIащ:

- Сэ сызэрыцIыкIурэ сщIэрт къыхэсхыну IэщIагъэр зыхуэдэри, сызэрыхъуну сызыхуейри. Ар къэплъытэмэ, зы дакъикъи сымыгупсысэу мы сызытет гъуэгурат иджыри къыхэсхынур.

Сэ унагъуэм сранэхъыщIэщ. Си къуэш нэхъыжьхэр си щапхъэу, абыхэм садэплъейуэ сыкъэхъуащ. Курыт еджапIэм сыщыщIэсым ахэр псори хабзэхъумэ IэнатIэм пэрытт, контрактхэм Iэ традзэурэ нэгъуэщI щIыпIэхэм ягъакIуэрт. МедицинэрI IэщIагъэу къыхэсхыну мурад щысщIами, а си къуэшхэм ещхь сыхъуныр си гуращэт. Сымаджэщым зы илъэскIэ сыщылэжьа нэужь, медицинэмрэ дзэ къулыкъумрэ зэспхыну мурад сщIащ.

Дохутыру улэжьэныр зы лъэныкъуэщ, ауэ а IэщIагъэр уиIэу дзэ къулыкъум упэрытыныр, зауэм ущыIэныр нэгъуэщIщ. Шынагъуэ? Шынагъуэщ! Гугъу? Гугъущ! Гужьеигъуэ? Гужьеигъуэщ. УIэгъэ хъуа цIыху 15-м зэуэ уадэIэпыкъун хуейуэ къыщыпхуихуэм деж угупсысэну зэман уиIэкъым, уи къалэныр укъызэтемыувыIэу, уепIэщIэкIыу бгъэзэщIэн фIэкIа.

Дэтхэнэ цIыхум дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ игъащIэ псокIэ зэрылэжьэну IэщIагъэр пэжу къыхихыным. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, сыщыуакъым икIи дзэм сызэрыхыхьам сыхущIегъуэжакъым.

Зауэ щекIуэкI щIыпIэм уIэгъэ щыхъухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ ептыныр зэрыгугъум нэмыщI икIи шынагъуэщ. Си щхьэр нэхъапэщ жимыIэу дэтхэнэми и узыр зэрыщигъэпсынщIэным, и псэм телъ гузэвэгъуэр зэрыщхьэщихыным иужь итщ Ренат. ИлъэсиплIым къриубыдэу Iэджэрэ псэзэпылъхьэпIэ ихуащ, куэд и нэгу щIэкIащ, итIани жыджэру, игури и псэри етауэ и Iуэхум пэрытщ: «Сэ си къалэн нэхъыщхьэ дыдэр уIэгъэ хъуа сэлэтым и узыр губгъуэм къыщызэтезгъэувыIэу, къытехуа шэм и зэран и гъащIэм езмыгъэкIыу дохутырхэм я деж нэзгъэсынырщ. Ауэ ар къохъулIэн папщIэ уIэгъэ хъуам къыщыщIар зэбгъащIэу япэ дэIэпыкъуныгъэр и чэзум ептын хуейщ. Сэ иужь ситщ сэлэтым лъы куэд фIэзмыгъэкIуэдыну, къытехуа уIэгъэм, удыным зригъэува щытыкIэ хьэлъэм къисшу щIалэм зыкъезгъэщIэжыну, мафIэм къилыпщIам и узыр щхьэщысхыну, уеблэмэ, ажалым къыIэщIэсхыну. Ахэр и чэзум ущымыуэу зэфIэбгъэкIрэ, дохутырхэм я деж нэпшэсмэ, уIэгъэ хъуар псэунущ. Апхуэдэм деж бийр къыпхэуэми, уздэщыIэ щIыпIэм шэр къыщрагъэлъэлъэхми, уи щхьэр къыпфIэIуэхужкъым - хэкур яхъумэу губгъуэм къыбдит сэлэтыр къызэребгъэлынращ бгъэнэхъыщхьэр.

УIэгъэ хьэлъэ хъуа щIалэр уэ къыпщыгугъыу и нэр къыптриубыда нэужь, абы сэбэп ухуэмыхъуфыныр уи дежкIэ лIэныгъэ пэлъытэщ. ЦIыхум и узыншагъэракъым зауэм щыпхъумэр, нэхъыбэщ - и гъащIэрщ. Ажалым уэ къыIэщIэпхмэ, адэкIэ и узыншагъэр дохутырхэм зэтрагъэувэжынущ», - жеIэ Ренат.

ЗауэлIым хэлъын хуей хьэлыр куэд мэхъу, ар здэщыIэ щIыпIэм къыщыхъу шынагъуэ къомым еплъытмэ. Уеблэмэ уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу укъызэтенэныр куэд и уасэщ. Абы папщIэ уи псэр зыгъэбыдэ, уи гур хэзыгъахъуэ, уи лъэр щIэзыгъэкI къару нэрымылъагъу гуэр ухуейуэ къысфIощI, нэгум щIэкIыр псэм къытримыгъэхьэлъэу. Апхуэдэу Ренат иIэр и унагъуэр зэрыарар къыджиIащ. Ансыкъуэхэ МуIэедрэ Зетэрэ я къуэхэр зыпэрыт IэнатIэр зыхуэдэр къагурыIуэу я щIыбагъ къыдэтхэщ. ТIур дзэ Iуэху хэхам зэрыщыIэм адэ-анэр иримыгузэвэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ псэм сыт хуэдизу гузэвэгъуэ телъми, фэкIэ къагъэлъагъуэркъым. Урысейм нобэкIэ иригъэкIуэкI Iуэху нэхъыщхьэм щIалитIым лIыгъэ къагъэлъагъуэу зэрыхэтыр и щыхьэт нэсщ зи хэкум, щIыналъэм, къэзылъхуахэм яхуэпэж бын абыхэм зэрагъэсам икIи я къуэхэм къыхуагъэфащэ дамыгъэ лъапIэхэм адэ-анэм я гур хегъахъуэ. И щхьэгъусэ Миланэ ныбжькIэ щIалэми, бгъэдэлъ Iущагъыр, шыIэныгъэр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр Ренат зэрызыхищIэм, къызэрыхуэсэбэпым шэч къытесхьэркъым.

Хэкупсэ нэсым и щапхъэщ Ансыкъуэ Ренат иужьрей илъэсиплIым къигъэлъагъуэр. Зыбжанэрэ фIэкIа къэмыкIуэжауэ, зыщигъэпсэху махуэ къыхуимыхуауэ, и къару, уеблэмэ и псэ емыблэжу егъэзащIэ и пщэрылъхэр. Къызэрыхэзгъэщащи, абы къыхиха IэщIагъэр фIыуэ ельагъу, зауэ губгъуэм къыдит сэлэтхэр гузэвэгъуэ щыхэхуам деж къэрегъэл. Апхуэдэ къалэнхэр къэмылэнджэжу дзэ къулыкъум щызыгъэзащIэ щIалэм и цIэр лъагэу щыжаIэ IэнатIэм. Урысей Федерацэм и къэрал дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ Ансыкъуэм. Апхуэдэхэщ ЛIыгъэм и орденыр, Жуковым, Суворовым я медалхэр, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм кърита «Участнику специальной военной операции» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэр.

- Фронтым Iут дэтхэнэ зы щIалэри лIыхъужьу къызолъытэ сэ. Абыхэм я фэм дэкIымрэ зэрыхуэ псэзэпылъхьэпIэхэмрэ Алыхь закъуэращ зыщIэр, зауэм щымыIам и нэгуи къыхущIэгъэхьэнукъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, фIыуэ тлъагъу щIалэщIэ куэди хэкIуэдащ, ауэ абыхэм я фэеплъыр дэ иджыри ди гъусэщ, игъащIэкIи тщыгъупщэнукъым.

Хэкупсэ гъэсэныгъэ тхэлъу дыкъызэрагъэтэджари, къэралым дызэрыхуэпэжри къигъэлъагъуэу къызолъытэ дызыпэрыт къалэным. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, си Хэкум и пащхьэ щысхь жэуаплыныгъэр къызгурыIуэжу сыкъэкIуащ, сыпсэухукIи абы срителъхьэу щытынущ икIи ди цIыхухэм я мамыр псэукIэр тхъумэнущ, бийр ди щIыгу къимыхьэн папщIэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым. Сыт хуэдэ пщэрылъ хэха дэтхэнэм имыIэми, зауэ губгъуэм ит дзэлIхэм ди къалэн нэхъыщхьэр зыщ – къыщIэддзар и кIэм нэдгъэсу, ТекIуэныгъэр ди Iэрылъхьэу дыкъыщалъхуа щIыналъэхэм дгъэзэжынырщ. Мазэ бжыгъэкIэ мыбы ущыIауэ, уи адэжь щIыналъэм лъагъунлъагъу ущыкIуэжкIэ, дунейр нэгъуэщIу, хьэуар нэхъ къабзэу, гъащIэр жэнэту къыпщохъу. Сэ сропагэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъызэрыщалъхуам, адрей щIыналъэ псоми ефIэкIыу къысщохъу си лъахэр! Апхуэмыдэу хъурэ – дэтхэнэми нэхъ фIэлъапIэр, и псэм къехуэбылIэр езыр дунейм къыщытехьа, къыщыхъуа щIыпIэрщ! Аращи, дэтхэнэри дызыщIэбэныр а ди хэку цIыкIухэм мамырыгъэ, зэIузэпэщыгъэ илъынырщ икIи къэралым и дэнэ щIыпIи щыщ щIалэ псори мыгувэу щхьэж и унэ декIуэлIэжу ди адэ-анэхэми, дэри, цIыхубэми тIуэтэжыну ди хъуэпсапIэщ! Ар къызэрыдэхъулIэнуми шэч къытетхьэркъым.

Апхуэдэ фIэщхъуныгъэмрэ гупсысэмрэщ ди щIалэхэм сэбэп къахуэхъур. Захуагъэм и телъхьэ, лей зытехьэхэм къащхьэщыжыф Ансыкъуэ Ренат хуэдэ щIалэхэр диIэху, хэкуми зиужьынущ, гъащIэри ефIэкIуэнущ. И щхьэкIи, и унагъуэкIи щIэх дыдэ яIуэтэжыну, мамыр гъащIэм щытхъэжыну дыхуохъуахъуэ Ренат.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист.

Балъкъ Iуфэ пашэм зыщегъэбыдэ

• Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и ещанэ джэгугъуэм Псынэдахэ и «Родник»-м и пашэныгъэр щигъэбыдащ. Балъкъ и Iуфэм абы бжыгъэшхуэкIэ щыхигъэщIащ «Малка» командэр.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэм и цIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щыджэгу «Родник»-мрэ «Малка»-мрэ республикэм щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIыу я зэIущIэр зрагъэлъагъуну цIыху куэд дыдэ къызэхуэсат. Ахэр щыгугъырт зэпэщIэтыныгъэ лъэщ командэхэм къалъыкъуэкIыну. АрщхьэкIэ джэгур щекIуэкIар зы лъэныкъуэрауэ жыпIэ хъунущ. Абы и щыхьэтщ Псынэдахэ къикIахэм малкэдэсхэм жэуапыншэу топитху зэрыхудагъэкIар.

Топ тхурытхукIэ Нартан щызэхъуэжащ хэгъэрейхэмрэ Налшык и «Спартак-Д»-мрэ. Ар икъукIэ дэрэжэгъуэ къозыт зэIущIэ хъуащ.

Хуабжьу удэзыхьэхт Тэрч къалэм щыIари. Джылахъстэнейм еблэгъат Алътуд и командэ лъэщыр. Лъэныкъуэхэр куэдрэ ерыщу зэныкъуэкъуащ икIи Къуэн Заурбэч дигъэкIа топ закъуэм хьэщIэхэм текIуэныгъэр къахуихьащ.

Бабугент щыIэу «Логоваз»-м топитху худэзыгъэкIа Шэджэм и «Черкес»-м зэхьэзэхуэм зэкIэ етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ. Абырэ «Родник»-мрэщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм къыхамыгъэщIауэ къыхэнэжар.

Иджыри къэс зы очкои зимыIа Урыхурэ Акъбащ Ищхъэрэрэ я командэхэм ар ягъэзэкIуэжащ. Лэскэн щIыналъэм щыIа зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Логоваз**» (Бабугент) – «**Черкес**» (Шэджэм) – **1:5**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – «**Бедик**» (Аргудан) – **1:2**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **4:3**, «**Урыху**» (Урыху) – «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) **– 2:2**, «**Тэрч**» (Тэрч) – «**Искра**» (Алътуд) - **0:1**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) – **0:5**, «**Нартан**» (Нартан) – «**Спартак-Д**» (Налшык) – **5:5**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**3**	**3**	**0**	**0**	**14-1**	**9**
2. «Черкес»	**3**	**2**	**1**	**0**	**8-2**	**7**
3. «Бедик»	**3**	**2**	**0**	**1**	**6-8**	**6**
4. «Шэрджэс»	3	2	0	1	6-6	6
5. «Искра»	3	2	0	1	5-1	6
6. «Спартак-Д»	3	1	2	1	10-7	5
7. «Нартан»	3	1	1	1	9-11	4
8. «Псыгуэнсу»	3	1	0	2	5-8	3
9. «Тэрч»	2	1	0	1	5-2	3
10. «Ислъэмей»	3	1	0	2	7-8	3
11. «Малка»	3	1	0	2	6-7	3
12. «Акъбащ»	3	0	1	2	5-13	1
13. «Урыху»	**2**	**0**	**1**	**1**	**2-4**	**1**
14. «Логоваз»	**3**	**0**	**0**	**3**	**3-13**	**0**

• Тхэквондо

Урысейм и чемпиону тIу

БэнакIуэ цIэрыIуэу щыта Алиев Алий и цIэр зэрихьэу Дагъыстэным и Каспийск къалэм дэт спорт комплексым махуитхукIэ щекIуэкIащ Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп Джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) и чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 49-м я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 400-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и пщIэр яIэту зэхьэзэхуэм хэтащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэну цIыхуибл икIи абыхэм ящыщу 3-м медаль зэхуэмыдэхэр къахьащ.

Килограмм 58-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щызауэ Багъ Идар финалым щыIущIащ ди командэм щыщ и ныбжьэгъу щIалэ - Iусен Дамир икIи текIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, УФ-м щэнейрэ и чемпион хъуащ. Абы нэмыщI, Идар ещанэ увыпIэри зэ къихьауэ щытащ.

Iусен Дамир мызыгъуэгукIэ дыжьын медалымкIэ арэзы хъун хуей хъуащ, ауэ щIалэм и зэфIэкIхэр къэтлъытэу щытмэ, УФ-м и чемпион цIэ лъапIэр абы мыгувэу зэрызыIэригъэхьэнум шэч къытетхьэркъым. Дауэ хъуми, ар зыхэта иужьрей зэхьэзэхуэхэм къыщигъэлъэгъуа и Iэзагъым апхуэдэ гугъэхэр дагъэщI.

Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ щэнейрэ и чемпион хъуащ Бекъул Милани. Ди пщащэ ныбжьыщIэр зыхэтыр килограмм 46-рэ зи хьэлъагъ гупырщ. Мыбыхэми Миланэ къыпэхъун къахэкIакъым. Финалым ар щытекIуащ Самарэ областым и спортсменкэ лъэщ Ангеловэ Алисэ.

Иджы ди спортсменхэм къапэщылъщ мы гъэм бадзэуэгъуэм Испанием и Барселонэ къалэм щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтыну.

Командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдель-Джэбаррэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр № 877
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.